




CHIKAMU 1

MAVAMBO


A man with glasses and a beard, wearing a dark suit and tie, is seated in a large, ornate chair. He is holding an open book and appears to be reading. The setting is a library or study, with bookshelves filled with books visible in the background. A window with red curtains is behind him, and the room is lit with warm, golden light. The overall style is that of a comic book illustration.

NHOROONDO INO
INOTALURWA MURLIGWARO
RWAKARE RWUNE ZVIURU ZVEMAKORE.
MASHOKO OSE ANDICHATAURA
NDEAZVOKWADI CHERO MAMWE
ACHO ACHIREMA KUATAMBIRA.


ZVOKWADI
YAGARA INOREMA
KUIGASHIRA KUDARIKA
NHAMBETAMBE.



PAKUTANGA, MUNHU
WOKUTANGA ASATI ASIKWA, NYIKA
ISATI YAVEPO, ZUVA, NYEREDZI,
CHAEDZA, NENGLVA ZVISATI
ZVASIKWA KWAIVA NAMWARI.



ZVAKADARO MWARI
VAIDA KUPA HUPENYU
HWAVO KUVANHU.
VAISHUVIRA KUWADZANA
NESHAMWARI
NEVAVAKIDZANI.



MWARI VANORARAMA
NOKUSINGAPERI LIYE HAVANA
MAVAMBO, ASI VAINGE VASIRI
VOGA KANA KUSURUKIRWA. MWARI
VASIYANA NOMUNHU ANE MAGUMO,
VANORARAMA VARI VATATU MUMWE
HWAVO. MUMWE NEMUMWE WAVO
WAKAENZANA PAUKURU HWAVO, LIYE
VANORARAMA NOKUSINGAPERI,
MUNHU MUMWE CHETE PATSIKA,
PASIMBA, PAMAITIRO AVO,
NEPAMUNDANGARIRO WAVO.



BHAIBHERI RINOTIUDZA KUTI
MWARI VAKASIKA NGIROZI ZHINJI
NECHINANGWA CHOKUTI DZIGOPA
RUMBIDZO KUCHIGARO CHAVO,
ASI IMWE YADZO ANONZI
RUSIFA YAKAVAPANDUKIRA
ICHITUNGAMIRA CHIDIMBU
CHECHITATU. MWARI
AKAVAKANDIRA PASI KUBVA
KUDENGA ZITA RARUSIFA
RIKASHANDURWA KUITA SATANI.



ASI NYAYA INO HAI SI
PAMUSORO PEAVA
VAKAPANDUKA.

IYI NDIYO NHOROONDO
YAMWARI ACHISHANDA
NERUDZI RWEVANHU.


TARIRA PEJI 322 PANOTARWA MUCHIDIMBU NEZVEBHUKU RINONZI
BHAIBHERI. ZVIZERE PAMUSORO PASATANI VERENGA NDIMA IRI
MUNA ISAYA 14:12-14, EZEKIYERE 28:13-19, MATEU 25:41,
RUKA 10:18, ZVAKAZARURWA 12:4, 20:2.

PAKUTANGA MWARI VAKASIKA
DENGA NENYIKA, NYIKA
YAKANGA ISINA CHIMIRO,
ISINA KUGADZIRWA, UYE
ISINA CHINHU, MUSIKI
NDOKUFAMBA FAMBA
PAMUSORO PEMVURA ZHINJI.



CHIRIPO --RIPOTYO, MWARI
VAKATAURA KURIMA...

"NGAKLIVE NECHIEDZA"





HAZVINA KUITIKA
SEMAFUNGIRO
ANOITWA NEVANHU
VANHASI. ZVISIKWA
HAZVINA KUVAPO
ZVICHISHANDUKA
ZVOGA NEKUFAMBA
KWENGLVA. KWETE,
NDIMWARI VAKATUMIRA
SHOKO MUMAZUVA
MATANHATU VAKASIKA
MHLUKA NEMICHERO
KUTI ZVIZADZE
PASI ROSE.

NYAYA YEMUNA MAVAMBO YAKAITIKA MAKORE
ANGAITE 4004 KIRISITU ASATI AZVARWA.





MUZUVA RETANHATU,
VAKAIPA VACHIZVIONA,
MWARI WAKAGADZIRA
CHSIKWA CHINONZI MUNHU
KUBVA MUHURLIVA.



MWARI WAKAFEMERA MWEYA WAKE
MUMUVIRI WEVHU, MUNHU AKAVA
MWEYA MUPENYU. MUNHU AKASIKWA
NOMUFANANIDZO WAMWARI,
AINE CHIMIRO CHAKAKUNDA
DZIMWE MHUDA DZOSE.

MWARI VAKATUMIDZA
CHISIKWA CHAVO KUTI
MUNHU, VAKAMUPA ZITA
ROKUTI ADHAMU.



MWARI
AKATARISA ZVOSE
ZVAAKASIKA AKATI,
"ZVAKANAKISA".


MAVAMBO 1:31, 2:7.

ZUVA NEZUVA, MWARI
WAIKURUKURA NAADHAMU,
ZVIROKWAZVO HUPENYU
HWAKANGE HWAKANAKA. MWARI
WAKAUNZA MHUKA DZOSE KUNA
ADHAMU KUTI AGODZITUMIDZA
MAZITA. APO, MHUKA
DZAIPFUURA NEPANAADHAMU,
IYE WAKASVIKA PAKUNZWISISA
KUTI NDIYE OGA AKANGE
ASINA MUBATSIRI.



NAIZVOZVO,
MWARI
VAKATI...

NDICHAGADZIRIRA
ADHAMU
SHAMWARI YAKE
ICHAMUBATSIRA
PAKURARAMA.



IPAPO JEHOVHA MWARI
AKAVATISA ADHAMU HOPE
HURU; AKATORA RUMBABVU
PARUTIVI PAKE, AKARUSHANDISA
KULUMBA TSVARAKADENGA
YAAIZOGARISANA NAYO.

VAMUMUTSA KUBVA KUHOPE
HURU, MWARI VAKAPA ADHAMU
MUDZIMAI WAKE. AKAVAUDZA
KUTI VABEREKANE VAWANDE
VAGOZADZA PASI ROSE. ADHAMU
WAKATUMIDZA TSVARAKADENGA
YAKE ZITA ROKUTI EVHA.

UYU
IPFUPA
REMAPFUPA
ANGU NENYAMA
YENYAMA
YANGU.

SATANI,
UYO AZERE
NELUPI AIVE
AKATARIRA.

CHERO ZVAVO VAIVE VASINA
KUSIMIRA, SEZVINOITA
VANA VACHECHE HAVANA
KUNYARA NAZVO.


VAIFARA MUBINDU REIDHENI,
UMO MAKANGE MUSINA CHIVI,
KANA NZARA, MAISAPISISA
KANA KUTONHORESA.

PAMUSORO
PEMITI MWARI
VAKATAURA
VACHITI...

LINGADYE
HAKO KUBVA
MUMICHERO IMWE YOSE
IRI MUBINDU RINO, ASI
USADYE KUBVA PAMUCHERO
URI PAKATI PEBINDU.
ZUVA RAUCHADYA KUBVA
PAMUTI UYU UCHAFU.

MAVAMBO 1:28,
2:2; 16-22; 25.

SATANI AIVE AKAVENGA MWARI,
UYE AIVA ANEMUFUNGO
WOKUPARADZA BASA RAKE.
KUTI AWANE NZIRA YOKUTAURA
NAEVHA, SATANI WAKASHANDISA
CHISIKWA CHAIVE CHAKANAKA
NDOKUTAURA KUBURIKIDZA NACHO.




MWARI VAKATI
KWAMURI MUSADYE
KUBVA PAMICHERO
YOSE IRI MUBINDU
HERE?




VAKATI
TINOGONA
KUDYA KUBVA
PAMICHERO
IMWE YOSE
KUNZE KWOUYU,
TIKANGOUBATA
TINOFA.

USADARO!
HAUZOMBOFI,
ASI UKAUDYA
LICHAVE SAMWARI.
LICHATANGA
KUNZWISISA
SEZVATINOITA ISU,
KUZIVA ZVAKANAKA
KUBVA PANE
ZVAKAIPA.



LUNOYEVEDZA
KUNGOUTARISA,
IZVI ZVINORATIDZA KUTI
LUNONAKA NDIKAUDYA.
LICHANDICHENJEDZA
NDIKAUDYA, ASI MWARI
VAKATI NDISADYE
MUCHERO UYU.

EVHA WAISAZIVA
KUTI ZINOREVEI KUTI
ZVAKANAKA NEZVAKAIPA

A woman with long, dark, wavy hair is shown from the chest up. She is looking upwards and to the right with a surprised or reverent expression. Her right hand is raised to her cheek, and her left hand is holding a golden, round fruit. In the upper right corner, another golden fruit hangs from a tree branch with green leaves. The background is a bright, glowing yellow light with radiating lines.

EVHA WAKARAMBA
KUTEERERA
MWARI NDOKUDYA
MUCHERO UYU.

CHIRIPO-RIPOTYO, EVHA
WAKAZIVA KUTI AKANGE
ANYENGERWA, WAKANGE
OZIVA ZVAKANAKA NEZVAKAIPA,
ASI CHIVI CHAKANGE
CHATOBATA LISHE MAARI.

EVHA AKATORA
MUCHERO UYU
NDOKUKWESVEDZERA
MURUME WAKE
KUTI ADYEWU.



TARIRA,
HANDINA KUFA
PANDADYA,
UKAUDYA
UNONGWARA.

MESO AVO
AKAVHURIKA
VAKATANGA
KUNYARA NOKUTI
VAKANGE VASINA
KUSIMIRA.

GE, GE, GE. NHASI
ACHAKUURAYA! TARIRA
ZVAANDIITA.





CHII
CHAIZVO
CHATAITA?

TATYORA MURAWU
WAMWARI, LIYE
ACHANGE ACHIDZOKA
NEKUCHIMBIDZA.
NGATIVHARE KUSHAMA
KWEDU.



**ADHAMU
URIP!**

**PANDANZWA
IZWI RENYU,
NDABATWA
NOKUTYA
NOKUTI
HANDINA
KUPFEKA.**

**NDIYANI
AKUUDZA
KUTI HAUNA
KUPFEKA, ASI
WADYA MUCHERO
WANDAKATI
USADYE
KANHI?**

MUKADZI
WAMAKANDIPA,
NDIYE
ANDINYENGERA.

A woman with long dark hair, wearing a green dress made of leaves, stands in a forest. She is pointing her right hand towards a large, scaly dragon with a white and gold body. The dragon is in a crouching position, looking towards the woman. The background shows trees and a bright sky. A speech bubble is positioned above the dragon, and a larger speech bubble is positioned below the woman.

PSSSSSSSS!

NYOKA YANDINYENGERA,
YATI NDICHANGE NDAFANANA
NEMI, ASI HAZVINA KUDARO.
NDIRIKUSHUSHIKANA
ZVIKURU.

NOKUDARO MWARI
VAKATUKA NYOKA
NDOKUTI KWAIRI...

NOKUTI
WAITA IZVI,
LICHAZVONGONYOKA
NEDUMBU LYE
LICHADYA HURLVA.

MWANA WAKO
NEMWANA WEMUKADZI
VACHAVA MHANDU.
MWANA WAKO ACHARUMA
CHITSITSINHO CHEMWANA
WOMUKADZI, ASI MWANA
WOMUKADZI ACHATSIKA
MUSORO WAKO.



ICHI CHIGA
CHEHONDO
YAIZOLUYA. NGLUVA
ICHAKWANA APO
MWANA WEMUKADZI
ACHAPARADZA
NYOKA. MUNHU
UYU ACHADZIKINURA
VANHU VOSE
ACHIVAYANANISA
NAMWARI WAVO
NOKUVASUNUNGURA
KUBVA PAZVIVI.



MWARI VAIGONA KUPARADZA RUSIFA
NEMADHIMONI AKE IPAPO IPAPO, ASI
NECHIKONZERO CHOKUTI VAIDA KUONA
MUFUNGO WEMUNHU KUTI AIZOVATEERERA
HERE KANA KUTI AIZOTEERERA SATANI
MUKUTADZA, VAKAMBOMIRA KUMUPARADZA.

MAVAMBO 3:13-15



MWARI VAKATUKA
RUDZI RWEVANHU
VACHITI...

**KUNA ADHAMU,
NOKUTI WAKABVUMA
KUNYENGEDZWA
NOMUKADZI WAKO,
UKATYORA MURAIRO
WANGU, NDICHATUKA NYIKA,
ICHABEREKA RUKATO
NEMINZWA, ICHAKURA
KUDARIKA MICHERO
INODYIWA, UYE
UCHADYA CHEZIYA.**

YAKANGE YAKWANA NGLIVA
YOKUTI ADHAMU NAEVHA VACHIFA
SOKUVIMBISA KWAMWARI, ASI
MWARI VAKASARUDZA KUBAYA
MHUKA PACHINZVIMBO CHAVO,
VAKASHANDISA MATEHWE ADZO
KUFUKIDZA ADHAMU NAEVHA.





HAVANA
KUTIURAYA! TICHIRI
VAPENYU!

VAURAYA
MHLUKA IDZI
PACHINZVIMBO
CHEDU!

CHERO ZVAVO ADHAMU NAEVHA
VAKAPOTSWA NERUFU ZUVA IRI,
PACHINZVIMBO PAVO PAKAFA MHLUKA
DZAIVE DZISINA MHOSVA. ZVAKADARO
CHIGA CHORUFU CHAIVE CHAGARA
PAMUSORO PEUPENYU HWAVO,
MHEDZISIRO YAVO IKAZOVA RUFU.
MUTONGO WECHIVI NDIRWO RUFU.

SEZVO ADHAMU NA EVHA
VAKANGE VAVE VATADZI, MWARI
AKAVABURITSA MUBINDU REIDHENI
KUTI VASAZODYA KUBVA PAMUTI
WOLUPENYU, IZVO ZVAIZOITA KUTI
VARARAME MUCHIVI NOKUSINGAPERI.





MWARI VAKAMISIKIDZA
NGIROZI YAKASARUDZIKA
INONZI KERUBHI KUTI
IDZIVIRIRE VANHU
KUNANAVIRA KUSVIKA
PAMUTI WOLPENYU.
BINDU REIDHENI
RAKAZOPARADZWA MUTI
UKABVISWA KUBVA
PANYIKA. RIMWE ZUVA
UCHADZORWA, ASI
IYI HAIYO NYAYA
YANDINANAYO.



MAVAMBO 3:17-24; EZEKIYERE 18:4

ADAMU NEEVHA
VAKAZVARA VANAKOMANA
NEVANASIKANA VAKAWANDA,
AVO VAKAZOWANANA
VAKAVAWO NEVANA VAVO.




PAKASIKWA MUNHU HOSHA NEHUREMA
ZVINOKONZERWA NEWANANO
PAKATI PEHAMA ZVAISAVAPO,
ASI NEKUFAMBA KWENGLVA
MATAMBUDZIKO AZVO AKATANGA
KUONEKWA IZVO ZVAKAITA KUTI MWARI
VADZIVISE KUWANANA KWEHAMA.

MWANAKOMANA WAADHAMU
NAEVHA MUKURU AINZI KAINI WAIVA
MURIMI WEVHU, ACHIRIMA MICHERO
NEMIRIWO, WECHIPIRI AINZI ABHERO
UYO AIFUDZA ZVIPFUWO SEMAKWAI.
KUTI ZVINGADARO KUTI PAKATI
PAVO PAIZOBUDA MUZODZIWA
WAMWARI AIZOPARADZA SATANI?




KAINI NAABHERO VAIZIVA
NHOROONDO YEZVAKAITIKA MUBINDU
REIDHANI, CHERO ZVAZVO MWARI
VAISAFAMBIDZANA NOKUYANANA
NOMUNHU. ADHAMU NEDZINZA
RAKE VAISAFAMBIDZANA NAMWARI
NECHIKONZERO CHOKUTADZA
KWAKE. ZVEDI HUPENYU HWAKANGE
HWAKAOMA PASINA MWARI.



JEHOVHA
MWARI WANGU,
NDIRI MUTADZI;
NDAURAYA GWAYANA IRI
SECHIBAYIRO PANZVIMBO
YANGU KUTI
MUNDIREGERERE.

RIMWE ZUVA VANAKOMANA AVA
VAKAFUNGA KUSHUMIRA KUNA
MWARI. BABA VAVO VAINGE
VAVAUDZA NEZVEZVIBAYIRO
ZVAKAITWA NAMWARI PAVAKATADZA
MUBINDU, NOKUDARO ABHERO
NOKUTENDA AKAPIRA CHIBAYIRO
CHEMHUKA KUNA MWARI.

A man with a beard and long hair, wearing a simple brown tunic, stands in a field of crops. He has his arms raised in a gesture of prayer or praise. The background shows a bright yellow sun and various agricultural products like corn, tomatoes, and purple eggplants.

KAINI WAKASHANDISA
ZVAKANAKISA KUBVA PAZVIRIMWA
ZVAKE SECHIBAYIRO. HAANA
KUZIVA KUTI CHIVI CHAKE
CHANYANGADZA JEHOVHA.

MWARI WANGU,
GAMUCHIRAI
CHIPIRISO CHANGU
ICHI, CHINOBVA PANE
ZVAKANAKISA
ZVANDAKARIMA.

KUTI PAKATI PEVAKOMANA
AVA PAIZOBLUDA MUZODZIWA
AIZODZIKINURA VANHU HERE?

MAVAMBO 4:1-4;
VAROMA 3:29; VAHEBHERU 11:4

KWETE, KAINI



**MWARI VARAMBA KUGAMUCHIRA
CHIPIRISO CHAKO CHISINA ROPA.**

**JEHOVHA VAKAFADZWA NECHIPIRISO
CHAABHERO. PAVAKAONA KUDELURWA
KWEROPA RAKANGA RISINA
MHAKA, MWARI VAKAREGERERA
ABHERO ZVIVI ZVAKE.**



**MWARI VAKATI KUNA KAINI, UKAITA
ZVAKANAKA UNOGAMUCHIRWA,
LIYE UNOVA NEUSHE PAMUSORO
PAABHERO MUNIN'INA WAKO.**

UNOZVIONA
SAANI CHAIZVO,
IWEABHERO?
CHIPIRISO
CHEZVIRIMWA
ZVANGU CHAKAKOSHA
KUDARIKA HWAYANA
YAKO YAZADZA-ZADZA
ROPA. CHII CHAIZVO
CHINOTA KUTI
LUDADE KUDAI IWE
ABHERO?

UNAWO
MUKANA
MUKOMA
WOKUPIRA
CHIBAIRO
CHEROPA,
NGUVA
ICHIRIPO.






NDANETA
NEKUNZWA
IZVOZVO.

DZEMU DZEMU!

MAVAMBO 4:5-8

KAINI WAKAURAYA ABHERO,
NDOKUEDZA KUVIGIRIDZA
HUMHONDI HWAKE.



ASI, KAINI WAISAGONA
KUVIGIRIDZA CHIVI CHAKE
KUBVA KUNA JEHOVHA,
MWARI VANOONA
NEKLIZIVA ZVOSE.

KAINI,
KO
MUNIN'INA
WAKO
ABHERO
ARIPI?

NDINOFANIRA
KUZIVA SEI
KWAARI, NDINI
MUCHENGETI
WAKE HERE?

IZWI
NEROPA
REMUNIN'INA WAKO
RINODANIDZIRA
KWANDIRI KUBVA
PANYIKA.

MWARI UNOZIVA NOKUONA
ZVOSE NGLVA DZOSE. HAPANA
CHAKAVANZIKA KWAARI. AKAONA
ZVAKAITWA NAKAINI KUNA ABHERO.
MWARI VAKAISA CHITUKO PANA
KAINI LIYO AKATIZIRA MUGWENGA,
IYE NEMHURI YAKE. MHOSVA YAKE
YAKAMUUNZIRA KUSHUSHIKANA
NEKUTAMBUDZIKA KUKURU.



KAINI HAAIGONA KUVA MUDZIKINURI,
NAIYEWO AITODA KUDZIKINURWA.

GARAZVIYA MWARI VAINGE VAVIMBISA
MWANAKOMANA AIZODZIKINURA
VANHU. ADHAMU NAEVHA VAKABEREKA
MUMWE MUKOMANA WAVAKATUMIDZA
ZITA ROKUTI SETI, MUSHURE MEZVO
VAKAITA VAMWE VANAKOMANA
NEVANASIKANA VAKAWANDA.



MWARI
VATIPA MUMWE
MWANAKOMANA
KUTSIVA UYO
AKABAIWA
NAKAINI.

MAVAMBO 4:9-16, 5:4;
MABASA 17:24-26


SETI WAKAVA NEMWANAKOMANA LIYO
AKAZVARAWO WAKE MWANAKOMANA,
NYANGWE PAKABARWA VANAKOMANA
VAZHINJI, HAPANA WAKAKWANISA
KUBVISA CHITUKO NERUFU ZVAIVA
PAVANHU. MUSHURE MECHINGUVA,
NYIKA YAKANGE YAZARA NEVANHU
NEMAGUTA, MARUWA NEMINDA MIKURU.



MUKUFAMBA
KWENGLVA KWAKAVA
NEMARUDZI EVANHU
AKAWANDA, ZVIVI
ZVIKATEKESHERAWO
NENYIKA, KUNYANYA
CHIPFAMBI
NEKURWISANA.
MUNDANGARIRO
WEMUNHU WAIVE
WAKANGOREREKERA
KUITA MABASA
AKASHATA, PASINA
ANOTSVAGA
KURLURAMA. ADHAMU
AKATADZA RUMWE, ASI
VORUZHINJI VAKABATA
ZVIVI ZVAKAWANDISA.



MWARI VACHIONA IZVI VAKATI
“NDINODEMBA KUTI NDAKASIKA
MUNHU, NDICHAPARADZA CHOSE
CHINORARAMA PANYIKA.”
UYUWO SATANI ANOVENGA
HUMAMBO HWAMWARI
WAITOPEMBERA KUONA MWARI
ACHIPARADZA VANHU VOSE.



KWAKAVA NEMARUDZI
MAPFUMBAMWE
(MAKORE 1,400),
NYIKA YAZARA NEZVIVI.

VANHU VAKATANGA
KUTORA VAMWE
VAVO SEVARANDA.

KUTI MWARI AIZOWANAWO
MHURI INOTEERERA
YOKUDA NOKUWADZANA
NAYO HERE?

MAVAMBO 6:5-7; VAROMA 5:12

PANGLVA INGAITE
MAKORE 2500 KIRISITU
ASATI AZVARWA



PAIVE NEMURUME
AITSVAGA KURLURAMA
NOKUITA ZVAKANAKA
NGLVA DZOSE.
CHERO MWARI
VAIZOPARADZA
VAMWE VOSE
PANYIKA, ASI
VAKAITIRA UYU
TSITSI, IYE
NEMHURI YAKE.



**NOWA,
NDICHATUMA
MVURA ZHINJI
PANYIKA
ICHAPARADZA
ZVOSE
ZVINORARAMA.
CHIVAKA AREKA
ICHANUNURA IWE
NEMHURI YAKO
NEMHUKA.**




**CHIPINDA
MUAAREKA IWE
NEZVIVIRI ZVIVIRI
ZVEMARUDZI EMHUKA
DZOSE PANYIKA. UGOTAKURA
ZVINOMWE ZVEMHUKA
DZAINOTENDERWA KUDYA.
NDICHAKUUDZA MAVAKIRO
AUCHAITA AREKA NEZVIMWE
ZVAUCHAITA KUGADZIRIRA
MVLURA ZHINJI ICHALYA.**

KUTI NOWA NDIYE MUZODZIWA
AIZOPARADZA MABASA ASATANI?
AIZOTEERERA MWARI HERE KANA
KUTI NAIYE AIZOKUNDIKANAWO?



MWARI VAKARATIDZA NOWA
MAGADZIROO AAIFANIRA KUITA
AREKA, KUTI IGOGONA KUTAKURA
MHLUKA NECHIKAFU CHAVAIZODYA.

MAVAMBO 6:8-9, 17-22, 7:2



NDINOKUYAMBIRA
KOKUPEDZISIRA, MWARI
VACHAPARADZA NYIKA
NEMVURA ZHINJI, TENDAI
SHOKO IRI MUYE
TIBATSIRANE KUVAKA
AREKA.

ZVAISHUNGURUDZA
NOWA KUTI VANHU
VAZHINJI VAIZOPARARA
MUMAFASHAMU
AIZOUYA, NOKUDARO
AIYAMBIRA VANHU
POSE PAAIWANA
MUKANA.



MWARI
ANERUDO
ANGAPARADZE
VANA VAKE
SEI?

NOKUDA
KWECHIVI, SIYAI
ZVAKAIPA, GARISANAI
NEVAMWE MURUDO
NEMUKURURAMA.

**BENZI
ROMUNHU!**

KWAPERA MAKORE ZANA NEMAKUMI
MAVIRI, AREKA ICHINGE YAPERA
KUVAKWA, MWARI VAKAITA KUTI
MHUKA DZOSE DZIENDE KUNA
NOWA KUBVA PASI ROSE.


TARIRA,
MHUKA DZOSE
DZOENDA KUNA NOWA
SOKUNGE PANE
ANODZIDANA.





DZIMWE
DZACHO
DZINOSHAMISA,
NDAISAZIVA KUTI
KUNE MHLUKA
DZAKADARO, KUTI
ZVIYA ZVAITAIRWA
NANOWA ZVOKUTI
MWARI UCHATUMA
MVLURA ZHINJI
CHINGAVA
CHOKWADI?

KWETE,
HAKUNA
ZVAKADARO,
INOBEPI MVLURA
INGAZADZE PASI
ROSE.



HAMUSISINA
NZVIMBO
HOMBE YASARA
MUNO.

IDZI NDIDZO
DZOKUPEDZISIRA.

**NOWA,
YAKWANA NGLIVA
IYA, PINDA MUAREKA
IWE NEMHURI YAKO.
YAVAPERERA NGLIVA
VOSE VAYA VAKARAMBA
KUREGERA ZVAKAIPA
ZVAVO**

MWARI
WAKAVHARA
GONHI REAREKA,
KUKAPERA
MAZUVA
MANOMWE
PASINA
CHAITIKA.

VAKASEKA
HAVO VAIONA,
TARIRAI MAPENZI
AKAZVIVHARIRA
MUAREKA NEMHUKA
DZOSE IDZO
MURENJE KUSINA
KANA MVURA.

HAUFUNGI
KUTI SHUMBA
DZAVAITA
KANYAMA
KANYAMA
IMOMO,


SVONDO
ROSE VARIMO!



MUZIVA RECHINOMWE KWAKATANGA
KUNAYA, MVURA YAIVE IRIPASI
PENYIKA YAKATANGA KUSIMUKA.

HANDISATI
NDAMBOONA
ZVAKADAI, KUTI VAYA
VEKUPENGA VARI MUAREKA
VAITaura CHOKWADI HERE
KUTI MWARI ANODA
KUPARADZA VANHU
VOSE NEKUDA
KWEZVIVI.





USAPENGE
IWE, MWARI
RUDO, ZVINGAITE
HERE KUTI MUNHU
MUMWE AGOZIVA
CHOKWADI
CHAKAVANZIKA
KUVAMWE VOSE
VATUNGAMIRI
VEZVITENDERO.

KUSVIKA PANO, MVURA YAKANGE
ISATI YAMBONAYA ICHIBVA KUDENGA,
VANHU VAIZIVA MVURA INOSIMUKA
KUBVA PASI ICHIDIRIDZIRA NYIKA.
IZVI ZVAKAITA KUTI VANHU VATI
NOWA AIPENGA, ASI NOWA AKANGE
AKAMIRA PASHOKO RAMWARI.



**NDAAFANIRA
KUTEERERA KUNA
NOWA, NDAKAITA
HUPENZI CHAIHO!**

**MWARI
BATSIRAI
MWANA
WANGU!**

MAVAMBO 7:9-12, 16



MAKORE ANGASVIKA 2348
KIRISITU ASATI AZVARWA.

PAKAPEPUKA VAZHINJI KUTI
NOWA WAITAURA CHOKWADI,
NGLIVA YAKANGE YAPERERA.

KWAKANAYA MAZUVA NEUSIKU
HUNOSVIKA MAKUMI MANA,
KUSVIKA MAKOMO PASI ROSE
AFUKIDZWA NEMVURA. ZVISIKWA
ZVOSE ZVINOFEMA ZVAKAFA
KUSARA IZVO ZVAIVE MUAREKA.
GORE RAKAPFUURA VAIVA
MUAREKA VASATI VABUDA.

MAVAMBO 7:12, 19:23, 8:9-12



NDICHAFARA
PACHASERERA
MVURA KUTI
TIGOKWANISA
KUBUDA
MUAREKA
INO.

PAKUPEDZISIRA NOWA AKAREGEDZERA NJIVA,
IKADZOKA INE BAZI REMUTI, ZVAIREVA KUTI
MITI YAKANGE YOTOKURA. MUKUFAMBA
KWENGLVA AKAREGEDZERA NJIVA ZVEKARE,
RWENDO RUNO HAINA KUZODZOKA ZVICHIREVA
KUTI YAKAWANA POKUGARA PAKANAKA.



MUSHURE MENGUVA PFUPI,
AREKA YAKAZORORA PAGOMO
REARARATI. VANHU NEMHUKA
ZVAIVA MUAREKA VAKADZIKA
PASI KUNYIKA ISINA ZVIVI.



NOWA AKAVAKA ARITARI AKAPA
ZVIPIRISO ZVEMHUKA KUNA MWARI.
CHERO NOWA AIVE AKARURAMA,
MUMOYO MAKE MAIVE NECHIVI.
ZVIPIRISO IZVI ZVAIPIRWA KUMIRIRIRA
NOWA NEMHURI YAKE.



ZVIPIRISO ZVEMHUKA ZVAIMIRIRA
VASERE VAIGONA KUNGE
VAKAURAYIWA NEMAFASHAMU,
ASI VAKAWANIRWA NYASHA
NAMWARI. IZVI ZVINGAFANANIDZWE
NEKUNUNURWA KWAKAITA VEMUBINDU
REIDHENI PAKAURAYIWA MHUKA
YEKUFUKIDZA ADHAMU NAEVHA.

**NDICHAKUPAI
MUCHERECHEDZO
WEMURARABINGU
UCHATAURA KUTI
HANDICHAPARADZI NYIKA
NEMVURA ZVEKARE.
BEREKANAI MUWANDE
MUZADZE PASI ROSE.**



**MHUKA DZICHAKUTYAI
SEVANHU. CHIDYAI
MHUKA DZOSE MHENYU
NEDZINOKAMBAIRA, SEMADYIRO
AMLINOITA MURIWO, ASI
HAMUTENDERWI KUDYA
CHISIKWA CHINE ROPA KANA
KULURAYANA.**



**LIYO
ABATWA NEMHOSVA
YEKULURAYA
NGAATONGERWEWO RUFU. LIYU
ADEURA ROPA REMUMWE, RAKE
ROPA NGARIDEURWEWO KUTSIVA
ROPA RADEURA.**



NOWA AKAVA MURIMI, AKADYARA
MUNDA WEMUZAMBIRINGA.
PASI PAINGE PAKASURLIVARA
NEMHURI INA DZOGA, ASI
MUSHURE MENGLVA PFUPI,
VANAKOMANA VANOWA VAINGE
VAVE NEMHURI DZAVOWO.




MAVAMBO 8:4, 20, 9:1-29

NOWA AKADZIDZA KUGADZIRA
DORO NEKUISA MAZAMBERINGA
MUMAKATE KWENGLVA. AKATANGA
KUFARIRA DORO IRO RAISHANDURA
HUNHU HWAKE NEKUMUTADZISA
KUSHANDA. DZIMWE NGLVA
RAMUBATA AIRARA KWENGLVA IZVO
ZVINHU ZVAISAFADZA MWARI.




RIMWE ZUVA NOWA
WAKADHAKWA
ZVOKLUKUMURA
NHUMBI DZOSE
NDOKURARA
ARIMUSHWI.
MWANAKOMANA
WAKE HAMU AKAONA
KUSHAMA KWABABA
VAKE NDOKLUUDZA
VAKOMA VAKE
ACHISEKA
NEKUNYOMBA.



PAKAMUKA
NOWA,
VANAKOMANA
VAKE
VAKAMUUDZA
ZVAKANGE
ZVAITWA
NAHAMU.

MWANA
WAKO KENANI
NEDZINZA RAKE
VACHAVA VARANDA
KUDZINZA
RASHEMU.



CHIPOROFITA ICHI
CHAKAZADZISWA
MAKORE MAZHINJI
AKATEREVERA.
RUDZI RWAKENANI
RWAKAGARA
MUFIRISITIYA UMU
MAVAIVA VARANDA
VEMAJUDHA.

MAVAMBO 9:21-27; 1 VAKORNIKE 4:40;
MAPISAREMA 78:51, 105:23, 27, 106:22

SETI



KAINI




ABHERO

ADHAMU
NAEVHA

MWAI
VAKAURAYA
VOSE KUNZE
KWEVASERE
IVAVA.



NOWA
NEMHURI YAKE
VAKAWANIRWA
NYASHA
NAJEHOVHA.



MUKUFAMBA KWENGLVA, RUDZI RWAJAFETI
RWAKAENDA KUMAODZANYEMBA
NEKUMADOKERO UKU KWARWAKANOGARA
VAKAWANDA. SHEMU WAKAENDA
KUMABVAZUVA AKANOGARA KUNYIKA
YEEZHIYA. HAMU WAKAENDA KUCHAMHEMBE
AKANOGARAKO KUSANGANISIRA
NEDZIMWE NZVIMBO DZIRI KUCHAMHEMBE
KWEZHIYA. AWA NDIWO MAPARARIRO
AKAITA VANHU PASI ROSE.

MUMAKORE ANGAITE 2247
KIRISITU ASATI AZVARWA

MWANAKOMANA WANOWA HAMU
AKAZVARA MWANAKOMANA ANONZI
KUSHI, KUSHI AKAZVARAWO
MWANAKOMANA ANONZI
NYIMURODHI. NYIMURODHI
AKAKURA AKAITA HOMBARLUME
HURU PASI ROSE. NYIMURODHI
AKARAMBA KUFAMBA MUNZIRA
DZAMWARI AKATANGA CHITENDERO
CHAKE MUDUNHU REBHABHIRONI.



VAGARI VEMUBHABHIRONI VAKARAMBA
PFUNGWA YAMWARI YOKUPARARIRA VACHIZADZA
NYIKA YOSE, NOKUDARO VAKASARUDZA
KUVAKA GUTA NORUSVINGO RUNOSVIKA
KUDENGA KUTI VAZVITSVAKIRE MUKURUMBIRA.





LIYU HAASI MWARI
WEMAZVIROKWAZVO
WAVAINAMATA, SATANI
WAKAVANYENGERA KUVAKA
TUMWARI TWEZVILUMBWA
ZVEHUNI, MATOMBO
ANOKOSHA NEMABWE.

ZVAKAGUMBURA MWARI KUTI VANHU
VEBHABHERI VAIRAMBA KUPARARIRA
NENYIKA YOSE, NOKUDARO, MWARI
AKAPESANISA RURIMI RWAVO.




ḡḡḡ ḡḡḡ ḡḡḡḡ
ḡḡḡḡḡḡḡḡ ḡḡḡḡ
ḡḡ ḡḡḡḡḡḡḡ

ḡḡḡ ḡḡḡ ḡḡḡḡ
ḡḡḡḡḡḡ ḡḡḡḡḡḡ
ḡḡḡḡḡḡ

VAVAKI VAKANGE
VASINGACHANZWANI IZVO
ZVAKAITA KUTI BASA RIMIRE.



NDIMI DZAKASIYANA-SIYANA
DZAKAENDA KUNZVIMBO
DZAKASIYANA-SIYANA. VAMWE
VAKAFAMBA NEZVIKEPE VACHIENDA
NZVIMBO DZEKURE, VAMWE
VAKAENDA KUMAODZANYEMBA,
VAMWE VAKAENDA KUMADOKERO,
VAMWE NDOVAKAENDAWO
KUNZVIMBO DZINOTONHORA, VAMWE
VAKANOGARA MUMAGWENGWA.
IZVI ZVAKAZADZISA IZWI RAMWARI
ROKUTI PARARIRAI NENYIKA YOSE.



PAKAPARARIRA VANHU PASI
ROSE, CHIVI CHAKATANGA
KUBATA HUSHE, VANHU
NDOKUTANGA KUNAMATA
ZVIFANANIDZO VACHIRASA
MWARI WAVO.

MAVAMBO 10:6-10, 11:1-9



CHIKAMU 2
ABHURAHAMU



PAIVE NEMURUME WAINZI
ABHURAHAMU WAITENDA KUTI
ZVILUMBWA ZVAKANGE ZVISIRI
MWARI. MURUME UYU WAITENDA
KUTI MWARI MUSIKI WEZVOSE
HAVAIGONA KUNAMATWA
KUCHISHANDISWA ZVILUMBWA.



MWARI VAKATAURA NAYE VACHITI,
"ABHURAHAMU, BUDA MUGUTA RAKO
RINONAMATA ZVIFANANIDZO, SIYA
MHURI YAKO NENYIKA YAKO UYENDE
KUNYIKA YANDICHAKURATIDZA."
NDICHAKUITA BABA VENYIKA HURU,
NDICHATUKA ACHAKUTUKA, UYE
NDICHAROPAFADZA ACHAKUROPAFADZA.
KUBUDIKIDZWA NEWE, NYIKA DZEPASI
ROSE DZICHAROPAFADZWA.




KUTI ABHURAHAMU NDIYE
MUZODZIWA AIZIPARADZA
CHIVI NERUFU?

MUMAKORE ANGAITE 1921
KIRISITU ASATI AZVARWA.



ABHURAHAMU WAKATENDA KUTI
RAIVA IZWI RASHE RAAINGE ANZWA,
NOKUDARO WAKATEERERA CHERO
ZVAKE ASISAZIAI KWAAIENDA.
IZVI ZVAIREVA KUTI AINGE OSIYA
KUNAMATA ZVIFANANIDZO ACHITEVERA
MWARI MUPENYU. WAKAGUTSIKANA
NAIZVOZVO, NDOKOENDA
NEMUZUKURU WAKE ROTI.

**MUWENDO RWAKE
ABHURAHAMU WAKASVIKA
KUKENANI LIKO KWAKAZOGARA
MWANAKOMA WAHAMU. NHASI
INONZI NYIKA YEVAFIRISITIYA.
MWARI VAKATAURA NAYE IKOKO.**



**ABHURAHAMU,
POSE PAUCHATSIKA
MUNYIKA INO, PACHAVE
PAKO. NDAPA NYIKA INO
KUVANA NEVAZUKURU VAKO.
VANA VAKO VACHAWANDA
ZVEKUSAVERENGEKA.
VACHAWANDA SEGURLVA
REPASIRINO.**



SARAI,
MWARI
VANDIUDZA KUTI
UCHAVA NEMWANA
MUSHURE
MEMAKORE OSE
AWA.

MWARI
VATI
ZVICHAVA
SAIZVOZVO.

LINOZIVA KUTI
NDATADZA KUBATA
MBEREKO MUMAKORE
OSE AWA. NDOZOBATA
PAMUVIRI
NDAKWEGLURA
KUDAI?

YAIVA TSIKA YAKE
ABHURAHAMU
KUDEURA ROPA ACHIPA
ZVIPIRISO KUNA MWARI
APO AIPOTERERA
NENYIKA. SAABHERO
WAIPIRA KUNA MWARI
ACHITENDA KUTI AIVA
MUTADZI AKANGE
AKAKODZERA RUFU.

CHIPIRISO CHEHWAYANA CHAISAGONA
KURIPIRA MATADZO AKE, ASI
MWARI VACHIONA KUTENDA KWAKE
NDIVO VAIMUREGERERA.





MUSHURE
MEMAKORE GUMI.

NHAI
ABHURAHAMU,
MAKORE GUMI
APFUURA WAKATI NDICHAVA
NOMWANA, IKOZVINO
TAKWEGURA PASINA CHIRIPO, INI
NDAVA NEMAKORE MANOMWE
NEMASHANU, IWE MASERE
NEMASHANU, MANJE MANJE
TICHANGE TISINGACHABEREKI.
UNE CHOKWADI HERE KUTI
NDIMWARI VAKATAURA
NEWE?

NDINOZIVA
NDIMWARI VAKAURA
NENI, ASI HANDZIVI
CHINOMUNONOTSA. WAKATAURA
KUTI NDICHAVA BABA VERUDZI
RUKURU, ASI CHANDINACHO
MUKADZI AKWEGURA NEHWAYI
DZAKAWANDA.





**USATYA
ABHURAHAMU, NDINI
RUZHOWA RWAKO,
LYE NDINI MUBAIRO
WAKO MUKLIRU.**

**MUBAIRO UPI
WAMLINGANDIPA
INI NDISINA
MWANA.**

**IWE
NOMLIDZIMAI
WAKO SARAI
MUCHAVA
NOMWANA.**




**BUDA PANZE ABHURAHAMU,
TARIRA MUDENGA UONE
NYEREDZI, UNGAGONA
KUDZIVERENGA HERE?
SEKUWANDA KWAKAITA
NYEREDZI, NDOMAWANDIRO
ACHAITA VANA VAKO.**

**NDINOTENDA
KUTI IZWI RENYU
RICHAZADZISWA
SEKUTAUWA
KWAMAITA.**

**NOKUTI WATENDA KUIZWI RANGU,
NDICHATORA IZVOZVO SOKURURAMA
KWAKO. ZIVA KUTI VANA VAKO VACHAVE
VARANDA MUNYIKA YEVAMWE KWEMAKORE
MAZANA MANA, VACHATAMBUDZWA, ASI
NDICHAZOROVA VANO VATAMBUDZA.
VACHABUDA MUNYIKA IYOYO NEUPFUMI
HUKURU, VACHIDZOKA KUZOGARA
MUNYIKA INO.**



KO
CHIVIMBISO
CHEMWANA
CHIRIPIKO?
MAKOREEDU
ANORAMBA
CHIWEDZERA ZUVA
RIMWE NERIMWE.
ZVIVI ZVINO UNENGE
USINGACHZVARI.
NDICHATDZA KUKUPA
MWANA IWE
ABHURAHAMU!



TSIKA DZEDU
DZINOTENDERA
VARANDAKADZI
VANGU KUTI
VANDIBARIRE
VANA.

HALONI HERE
ABHURAHAMU KUTI
UYU NDIWO MUKANA WEDU
WOKEPEDZISIRA. NGLIVA ISATI
YAPERERA, TORA MURANDAKADZI
WANGU ATIZVARIRE MWANA.
ANENGE ARI MWANA WAKO.
UKU NDIKO KUDA KWAMWARI
KUTI UGOVA RUDZI
RUKURU.



HAKUNA
IMWE NZIRA,
IZVI NDIZVO
CHAIZVO.

ABHURAHAMU HAANA
KUNYENGETERA,
WAKAKANGANWA CHIVIMBISO
CHAMWARI NDOKUTEERERA
IZWI ROMUDZIMAI WAKE.

MAVAMBO 16:1-4


MUSHURE
MEMWEDZI
INECHITSAMA

NDICHASUNUNGIKA
MWANA
WAABHURAHAMU.



PAKAZIVA HAGARI KUTI
ACHASUNUNGIKA MWANA
WAABHURAHAMU, KUZVIKUDZA
KWAKAMUBATA NDOKUTANGA
KUZVIDZA SARAI. IZVI HAZVINA
KUFADZA SARAI UYO WAKANGE
WAVE NOGODO GURU.


SARAI WAKATANGA KUSHUNGURUDZA
HAGARI ACHIMUPA MABASA AKAWANDA
UYE AKAOMA. KWAKANGA KUSIRI
KUDA KWAMWARI KUTI MURUME
AVE NEMADZIMAI MAVIRI KANA KUTI
AZVARIRWE VANA NEVARANDAKADZI.




UKAPEDZA
KUCHERA MVURA,
LIGOTSEMURA
HUNI.

HAGARI AKATANGA
KUFUNGA
NEKURONGA
KUTIZA PAMUSHA.


HAGARI WAKATIZIRA KUGWENGA.
MUSHURE MOKUPTSIKIRA PASI
NOKUNETA MWARI VAKATAURA NAYE.



HAGARI,
DZOKERA KUMBA KUNA
TENZI WAKO SARAI
UNOZVINIPISA. UCHAVA
NOMWANAKOMANA
UGOMUTUMIDZA ZITA
ROKUTI ISUMAYERI.
IZVI ZVINOREVA KUTI
MWARI UNONZWA.

A woman wearing a grey shawl is running through a field. She has a look of distress or urgency on her face. The background shows a sunset over a landscape with trees and hills. The scene is rendered in a comic book style with bold lines and a limited color palette.

**ISHUMAYERI
UCHAVA RUDZI
RUKURU. UCHAGARA
SEMHIKA YESANGO
ACHIRWISWA NEKURWISA
NAVANHU VOSE. ACHAGARA
PEDO NEMADZIKOMA
AKE.**



HAGARI WAKADZOKERA
KUMUSHA, MUKUFAMBA
KWENGLVA, WAKASUNUNGLUKA
MWANAKOMANA.

MWARI VAKANDIUDZA
KUTI LIYU MWANA
WAABHURAHAMU UCHAVA
RUDZI RUKURU.

MUKUFAMBA KWENGLVA
ISHUMAYERI WAKAVA TATEGURU
WERUDZI RWECHIARABHU.

MAVAMBO 16:4-16

ABHURAHAMU
WAKANGE AVE
NEMAKORE
MAKUMI MASERE
NEMATANHATU
OKUBEREKWA.
WAKANGE ZVINO
OKWEGURA. KUTI
ISHUAYERI NDIYE
AIZOVA MWANA
WECHIVIMBISO
HERE? ASIZEVE MWARI
VAKATI MWANA
WECHIVIMBISO
AIZOZVARWA PAKATI
PA ABHURAHAMU
NA SARAI.



AIZOZVARWA SEI MWANA
WECHIVIMBISO IVO ABHURAHAMU
NASARAI VAKWEGURA?


APO ISHUMAYERI PAWAKANGE
WAVA NEMAKORE GUMI NEMATATU,
ABHURAHAMU WAKANGE AVA
NEMAKORE MAKUMI MAPFUMBAMWE
NEMAPFUMBAMWE. MWARI VAKATAURA
NAABHURAHAMU ZVEKARE.

*ABHURAHAMU, NDINI MWARI
WAMASIMBA OSE, ITA ZVOSE
ZVANDINOREVA LYE USANDITADZIRE.
UCHAVA BABA VERUDZI RUKURU,
VANA VAKO VACHAWANDA SEJECHA
REGLINGWA, LYE NDICHAMISIKIDZA
SUNGANO YANGU NEWE
LYE NEVANA VAKO.*





**NDICHAPA ZVACHOSE NYIKA
YEKENANI KUVANA VAKO
NEKUVAZURU VAVO. SARAI
UCHAZVARA MWANA UCHAVA
MUKURU WERUDZI RUKURU.**



**WAKASEKA
HAKE, HA, HA, HA.
ZVINGAITIKE HERE IZVI INI
NDAVE NEMAKORE MAKUMI
MAPFUMBAMWE, UYE SARAI AVE
NEMAKORE MAKUMI MASERE
NEMAPFUMBAMWE? MIVIRI
YEDU YAKWEGURA, VEDUWE,
ROPAFADZAI ISHUMAYERI
AGOVA IYE MUZODZIWA
WENYU.**

**KWETE HAZVIGONI, SEKUVIMBISA
KWANDAKAITA KUBVA PAKUTANGA,
IWE NASARAI MUCHAZVARA MWANA
WENYU MOGA. ROPAFADZO RAGU
RICHAGAMUCHIDZWA KUBURUKIDZA
NAYE. MUNGLVA ISINGADARIKE
GORE SARAI UCHASUNUNGUKA
MWANAKOMANA.**



ZVINO GONEKA HERE IZVI? HONGU!
MWARI VAKASIKA MUVIRI WEMUNHU
VANO GONA KUVANDUDZA MIVIRI
YANGA YANETA IKABARA .. MWARI
VANOZVIGONA!





MUMAZLIVA MASHOMA VARUME
VATATU VAIBVA NOKUGWENGA
VAKAZVIRATIDZA. VAISARATIDZA
KUTI VAINGE VAFAMBA
NZENDO REFU, UYE VAKANGE
VASIRI VEMUDUNHU IRI.

ABHURAHAMU AKAVAONA
VACHISVIKA AKAZIVA KUTI
VAKANGE VAKASARUDZIKA.
CHAASINA KUZIVA NDECHEKUTI
VAINGE VASIRI VEPASI RINO.



VAVIRI VAVO DZAIVE NGIROZI
TSVENE DZAMWARI, WECHITATU
AIVA MWARI MBLINE AKAZVIRATIDZA
SENGIROZI KUTI AKWANISE
KUTaura NAABHURAHAMU.



ABHURAHAMU,
MUDZIMAI
WAKO SARAI
ACHASUNUNGLIKA
MWANAKOMANA.

AKASEKA HAKE
SARAI, HE, HE,
HE.

NEKLUKWE GURA
KUNO, NDICHAWANAWO
MUFARO WOKUBATA
MWANA, UKU
ABHURAHAMUWO AKWEGURA.



ANOSEKEIKO SARAI
APO MWARI PAVANOTI
ACHAVA NEMWANA.

HANDINA
KUMBOSEKA
INI.

ZVOMENE WASEKA
IWE! HAUTENDIKA IWE. PANE
ZVINOREMA HERE KUNA MWARI?
NDICHADZOKA ZVEKARE MUKUZARA
KWENGLVA, IPAPO UCHABATA MIMBA.



NDINGAUDZE
ABHURAHAMU HERE
HURONGWA HWANGU?
ASIZVE, ACHAVA BABA
VERUDZI RUKURU, UYE
ACHADZIDZISA RUDZI RWAKE
KUTEVEDZA NZIRA
DZANGU.

HONGU,
UNOFANIRA
KUZIVA.




CHIVI
CHESODHOMA
NEGOMORA
CHANYANYISA
KUSHATA.
NDICHAPARADZA VANHU
VOSE MUMAGLITA
AWA, VARUME,
VAKADZI UYE
NEVANA VOSE.

MUZUKURU
WANGU ROTI
NEMHURI YAKE
VANO GARA
MUDUNHU IRI!



NDIKAWANA VANHU MAKUMI
MASHANU VAKARURAMA
HANDIPARADZE GUTA IRI!

HAZVINA
KUFANIRA
PANA MWARI KUTI
VAGOPARADZA VAKARURAMA
NEVASINA. KOMUDUNHU IRI
MUKAVA NEVANHU MAKUMI
MASHANU VAKARURAMA,
HAMUNGAREGERERE
GUTA NOKUDA KWAIVAVA
HERE? NDINOZIVA KUTI
MUTONGI WEVANHU
VOSE ANOTONGA
ZVAKARURAMA.



NDINOZIVA NDIRI
GURLIVA, HANDINA KUKODZERA
KUTAURA KUNA MWARI, ASI KO
MUKAWANA, VANHU MAKUMI MANA
NEVASHANU MUNGAPARADZE GUTA
ROSE NOKUDA KWEVASHANU
HERE?

KANA
PAKAITA MAKUMI
MANA NEVASHANU,
HANDIPARADZE
GUTA.

PAKANANIKWA
MAKUMI MANA
EVAKARURAMA,
HANDIPARADZE
GUTA.

KO
PAKAWANIKWA
MAKUMI MANA
EVANHU!



MUSANDIGUMBLUKIRA,
KO PAKAWANIKWA
MAKUMI MATATU?

HANDIPARADZE,
PAKAWANIKWA
MAKUMI MATATU.

HANDIPARADZI
GUTA REVATADZI
IRI MUKAWANIKWA
MAKUMI MAVIRI
EVAKARURAMA.

KO
VAKAITA
MAKUMI
MAVIRI?




VEDUWE, MUSANDIGUMBUKIRA,
AKA NDOKOKUPEDZISIRA KUKUMBIRA.
KO VAKAITA GUMI VAKARURAMA,
MUNGAPARADZE GUTA HERE?

KWETE,
NDIKAWANA
GUMI VAKARURAMA,
HANDIPARADZE
GUTA.

VEDU, MUKASHAYA
GUMI VAKARURAMA
MUNGANYEURIRAIWO,
MUZUKURU WANGU
ROTI HERE?


TICHAMUSHANYIRA
NHASI MANHERU.



NGIROZI MBIRI
IDZIDZAKAPINDA
MUGUTA MANHERU
IWAWO NDOKUSVIKA
NEKUMBA KWAROTI.


RUTADZO
RWENZVIMBO
INO
RWUNODARIKA
ZVANDAIFUNGA.

NDAZOONA
CHIKONZERO MWARI
VACHAPARADZA
GUTA RINO, MHLUKA
NEVANA VADIKI.



VADIKANI,
HAZVINA KUKODZERA
KUTI MUFAMBE FAMBE
PANZE NGLVA INO
MUNZVIMBO INO, PINDAI
MUVATE MUMBA
MANGU.

VARUME AVA
VANOYEVEDZA
KUTARIRA, REGAI
TONOULDZA
VAMWE NEZVAVO.



ROTI, TUMIRA
VARUME AVO PANZE
TODA KUVATA
NAVO!

IBVAI PANO,
HAMUNGAITE
CHIVI
CHAKADARO.

UNOZVIITA ANI
CHAIZVO IWE,
UNOZVIKUDZA
NEYI, MUNYENGERI
WEMUNHU.



IWE
MUBVAKURE,
TICHAPARADZA
GONHI RAKO
TIGOKLUKANGANISA
IMOMO.

VAITUKIRIRA
NEKLUNYOMBAWO
IPAPO!

IWEE,
HATIDI
VANASIKANA VAKO,
TINODA VARUME AVO
VANOYEVEDZA
KUTARIRA.




MWARI NAISHE
WEDU VAKUITEI
MAPOFU!

VARIPI!
VARIPI
VARUME
AVA.

NDIYANI
WATIDZIMIRA
MAGETSI!


HANDICHAONI!
CHIIKO CHAITIKA.

ISIMBA
RORUDZI
RWUPI
IRI!



MUNOFANIRA KUBUDA
MUGUTA RINO MANGWANA
MAKUSENI, MWARI
WAKARURAMA, HAACHATENDRI
KUTADZA KWAKADAI KUTI
KUENDERERE MBERI!

MWARI
LICHANAYISA
MOTO UNOPARADZA
KUBVA KUDENGA.
MUNHU WOSE
MUGUTA RINO
ACHAFA.



KASIRAI, MOTO
LICHABURUTSWA
KUBVA KUDENGA
ZVINO ZVINO, HAPANA
UNOZOGONA KUTIZA.

MWARI VATI
NGAPASHAIKWE
UNOCHELKA SHURE
APO GUTA RINENGE
ROBVIRA.



**USATARIRE
SHURE!**

YOWEE!



**VEDUWEE!
BABA KANI, AMAI
VATARIRA SHURE
ZVINO CHAVA CHURU
CHEMUNYU.**

**USATARIRE,
RAMBA UCHIFAMBA
WAKATAIRA MBERI.**

ZUVA IRO, CHOSE CHAIVA
NOUPENYU CHAKAFA MUGUTA
RESODHOMA NEGOMORA. MWARI
WAKARURAMA, ANOVENGA
ZVAKAIPA KUNYANYA KUVATA
KWEVARUME NEVAMWE VARUME,
UYE VAKADZI NEVAMWE VAKADZI.
PAMUSORO PAZVO ZVOSE
CHIVI CHOKUVATA NEVANA
NDOCHAKANYANYA KUSHATA
PANE IZVI ZVOSE. CHERO MWARI
AKAVIMBISA KUTI HAAIZOPARADZA
NYIKA NEMVURA, HAANA
KUTaura PAMUSORO PEMOTO.



MUNGLIVA DZINOLIYA, NYIKA
ICHAPARADZWA NEMOTO.
MUBAIRO WECHIVI NDIRWO
RUFU, RUFU RWEMWEYA
NERUFU RWENYAMA, MUDZIVA
REMOTO. NENYASHA DZAMWARI
ROTI WAKANUNURWA KUBVA
PAMUTONGO LWU. MUDZIMAI
WAKE, HAANA KUTEERERA
IZWI RAMWARI, ACHIFUNGA
KUTI PAMWE RAIVA DAMBI.



MUBAIRO WEZVIVI
NDARWO RUFU,
PASINA RUSARURA.



NDINOFARA MWARI
WAKAKLUWANIRA NYASHA.
LINGADAI WAKAPARARA
MUGUTA IRO. MWARI
UNOVENGA CHITEMA
NEUPI. UNOFANIRA
KUGARA KURE
NEVANHU VAKAITA
SEAVA.


NDINE UROMBO
NEZVAKAITIKA
KUMUDZIMAI WAKO.
SAKA UCHADII
MANJE?

TINOKUNDA,
NZIRA
ICHAVAPO.

ROTI WAKAENDA
NEVASIKANA VAKE VAVIRI.
MWARI WAKARAMBA
ACHIROPAFADZA
ABHURAHAMU.

MAVAMBO 19:24-26; REVHITIKO 18:22;
VAROMA 1:23-32, 6:23; I VAKORINDE
6:9-11; ZVAKAZARLIRWA 21:8


MWARI VAKANGE VAVIMBISA
KUTI SARAI UCHAVA NOMWANA.
ABHURAHAMU NASARAI VAKATANGA
KUNZWA MANYUKUNYUKU
MUUSHAMWARI HWAVO, ZVAKANGE
ZVISIPO KWEMAKORE.



CHII NEWE
NHAI ABHURAHAMU,
WAVA NEMAKORE
USINGANDITARISE
NENZIRA IYOYO.



WAKAVA MUNANA!
PASINA NGUVA VANHU
VOSE VAKANGE VOZIVA
KUTI SARAI WAKANGE
ASUNUNGUKA.



SEKUTURWA
KWAZVAKAITWA NAMWARI,
ZITA RAKE UCHANZI ISAKA.
UCHAVA BABA VERUDZI
RUKURU.


ICHOKWADI,
MWARI PAVAKATAURA
KUTI TICHAVA NEMWANA,
NDAKASEKA. NDIYANI
WAIFUNGA KUTI
MUKUKWEGURA KWANGU
NDAIZOREZVAWO
MWANA WANGU.

MWARI WAKACHENGETA
CHIVIMBISO CHAKE.
WAKATENDEKA NGLIVA DZOSE.

ISHUMAYERI MWANAKOMANA
WAHAGARI AKANGE AVE NEMAKORE
GUMI NEMANAOKUZVARWA.
HAANA KUFADZWA NOKUZVARWA
KWOMWANA UYU.



BENZI
ROMWANA
RONDITUKA.
MUIJIPITA
UYU HAUSI
KUZOGARISANA
NOMWANA
WANGU ISAKA.



NGAENDE MURANDA
UYU NOMWANA WAKE.
HAASIKUZOWANA MUGOVENHAKA
NEMWANA WANGU ISAKA.
MWANA WANGU
NDEWECHIPIKIRWA.


MWARI VAKATAURA NAABHURAHAMU
VACHITI, "TEERERA KUNA SARAI,
ZVAANOTaura ICHOKWADI."
HAGARI NAISHUMAYERI NGAVABVE
PAMUSA PAKO VAYENDE, ASI
IZVI NGAZVIREGE KUKUDYA
MOYO, INI NDICHAVARIRITIRA.

NOKUTI ISHUMAYERI
MWANA WAKO,
ACHAVA BABA
WORUDZI RUKURUWO.
ASI MUZODZIWA
WANGU ACHAKUNDA
SATANI UCHABARWA
MUDZINZA RAISAKA.




ISHUMAYERI WAKAKURA AKAVA
TATEGURU WEMAARABHU,
UYOWO ISAKA AKAKURA AKAVE
TATEGURU WEMAJUDHA.
MAARABHU NEMAJUDHA
VANA VANYAMUNHU.

MAVAMBO 21:1-3, 9-14 "ZITA ROKUTI
ISAKA RINOREVA KUTI WAKASEKA"



URIMWANA
WOMUNANA, NDIWE HERE
UCHADZIKURA NYIKA
KUBVA KUCHIVI?

RUDO RWAABHURAHAMU
KUNA ISAKA RWAIVA
RUKURU. VAVIRI AVA HAPANA
AIKWANISA KUVAPATSANURA.



NHAI BABA, SEI
MUCHIURAYA HWAYI IDZI
MODZIPISIRA PACHIKUVA
CHEMAHWE APO?

MWARI WEDENGA
NEPASI NDIMWARI MUTSVENE.
UTSVENE HWAKE HUKURU
ZVATISINGAGONI KUMISIKIDZANA
NAZVO. MUNHU WOKUTANGA
ADHAMU AKATADZIRA MWARI,
NOKUDARO CHIVI CHAKAPINDA
LIYE CHINOTEVEDZA RUDZI
RWEVANHU.

MWARI
VAKAUDZA ADHAMU KUTI
AKAMUTADZIRA ACHAFU.
MUSI WAKATADZA ADHAMU,
MWARI VAKAURAYA MHLUKA
VAKASHANDISA MATEHWE
ADZO KUFUKIDZIRA
KUSHAMA KWAADHAMU
NAEVHA.




PANDINOURAYA GWAYI,
IZVI ZVINO REVA KUTI
NDONZWISISA KUTI NDIRI
MUTADZI, SAKA GWAYI
CHIPIRISO CHINONDIMIRIRA.

ISAKA WAKAKURA
RIKAVA JAYA
RAKASIMBA, UYE
RAIVIMBA NAMWARI
WABABA VAKE.
ABHURAHAMU WAIDA
MWANA WAKE UYE
WAIPOTA ACHIENDA
NAYE KUNOSHUMIRA
MWARI WAKE. ISAKA
WAIONA BABA
VAKE VACHIBAYIRA
MAKWAYI
PAZVIPIRISO.



**IWE ABHURAHAMU,
NDODA KUTI LITORE
MWANA WAKO WALINIDISA
LIGOMLITA CHIBAYORO
KWANDIRI.**






SEI MWARI
MUCHINDIUDZA
KUITA CHINHU CHAKADAI?
VATADZI NDI VO VANOBAYIRA
VANA VAVO PAZVIPIRISO, NDIMI
HERE ISHE MUNOTAIURA?
ZVINO ZVAMAKATI KUBURIKIDZA
NAISAKA TICHAVA RUDZI
RUKURU, AKAFASHOKO
RENYU RINOZOADZISWA
SEI?



IMI MURI
MWARI, CHERO
NDISINGANZWISI,
NDICHATEERERA
IZWI RENYU.

MAVAMBO 22:2; VAROMA 5:12



TICHANGE
TISIPO
KWESVONDO
ROSEUYE
TICHADA
MAZUVA
MATATU
EKUFAMBA.

MOZVICHENGETEDZA,
NDICHAKUNAMATIRAI
IMI VARUME VANGU
VAVIRI VELUMHARE.

MUSHURE MEMAZUVA
MATATU...

BABA,
HERO GOMO
IRO, TINOSVIKA
KUSATI
KWADOKA.

CHOKWADI,
TICHANONAMATA
IMOMO
TOZODZOKA.





NHAI BABA, TAIYA NEHUNI, UYE
MAVAKA ARITARI, KO GWAYANA
RECHIBAYIRO RIRIPI.

ISAKA MWANANGU,
UNORANGARIRA HERE
NDICHIKLUUDZA KUTI MWARI VAKATAURA
NESU NEZVEKUZVARWA KWAKO?
IKOZVINO VATAURA NENI ZVAKARE.




IKOZVINO
VATI NDICHAKUPIRA
IWE SECHIBAIRO.

INI HERE?
MUNOREVESA
HERE BABA?



MWARI HAVANA KUKUUDZAI HERE KUTI
MANDIRI MUCHABUDA RUDZI RUKURU,
UYE KUTI VANA VANGU VACHAWANDA
SENYEREDZI DZEDENGA?

CHANDINOZIVA
NDECHEKUTI, MWARI UNOZADZISA
CHOSE CHAAREVA. KANA AKATI UCHAVA
BABA WERUDZI RUKURU, ZVICHAVA
SAIZVOZVO CHERO WAFU.



ZVINOZOGENEKA
SEI IZVOZVO, INI
NDAFA?

HANDIZIVI,
PAMWE
UCHAKUMUTSA
KUVAFI.

BABA, TINOFANIRA
KUTEERERA
MWARI NYANGWE
ZVODII.

MAVAMBO 22:3-9


CHERO ZVAKE
ABHURAHAMU
WAITEERERA
MWARI, MOYO
WAKE WAIVA
UZERE NESHUNGU
UYE MAOKO AKO
AIDEDERA APO
AKANGE OPERA
MUNA WAKE.



WAKASUNGA MAOKO NEMAKUMBO
EMWANAKOMANA WAKO, APO AINGE
OGADZIRIRA KUMUBAYA SECHIBAIRO.

APEDZA KUNYENGETERA,
ABHURAHAMU
WAKASIMUDZA BANGA
RAKE KUTI ABAYE.
ACHINOTI ABAYE AKABVA
ANZWA IZWI RICHIBURUKA
KUBVA KUDENGA.




A comic book panel featuring a close-up of a hand gripping a sword hilt. The hand is rendered in shades of brown and tan, with detailed line work showing the texture of the skin and the grip. The sword hilt is wrapped in a light-colored material, possibly leather or cloth, with a dark blue or black band around the base. In the background, the face of a man with a long, white beard and a turban is visible. He has a serious expression and is looking towards the viewer. The background is filled with diagonal hatching lines, creating a sense of depth and texture. A yellow speech bubble with a jagged edge is positioned in the upper right quadrant, containing Swahili text.

**IWE
ABHURAHAMU!
USAKUVADZE
MWANAKOMANA
WAKO.**




**NHASI NDAZOSIVA
KUTI UNONDITEERERA,
NYANGWE PANDAKUTI
LIGOBAIRA MWANA
WAKO SECHIBAIRO
HALINA KURAMBA.**

PAAKASIMUDZA MESO
AKE, ABHURAHAMU
AKAONA GONDOGWE
RAKABATWA MUMASANZO.



BABA,
TARIRAI!
MWARI VATIPA
GONDOGWE
PACHINZVIMBO
CHANGE.



**ABHURAHAMU, NOKUTI
WATEERERA, UCHINDIPA
MWANAKOMANA
WAKO SECHIBAIRO,
NDICHAKUROPAFADZA,
VANA VAKO VACHAWANDA
SENYEREDZI DZEDENGA.
KUBUDIKIDZA NEMUMWE
MWANA WAKO ASATI
AZVARWA, PASI ROSE
RICHAROPAFADZWA.**

**SEZVAMAKAREVA
BABA, MWARI
NDIMWARI WENYASHA!**

MAVAMBO 22:9-18; VAHEBHERU 11:17-19

ABHURAHAMU WAIVE NEVANA VAVIRI, ISHUMAYERI AND JAKOBHO. ISAKA NDIYE WAKASARUDZWA NAMWARI KUTAKURA ZVIVIMBISO ZVAKANGE ZVAITWA NAMWARI KUNA ABHURAHAMU. ISAKA WAIVA NEMWANAKOMANA AINZI JAKOBHO UYO AKAZOPIWA RIMWE ZITA ROKUTI IZIRAYERE. JAKOBHO WAKABARA VANAKOMANA GUMI NEVAVIRI, AVO VAKAZOENDA IJIPITA KWAVAKAZONOBATWA HURANDA PAMWE NEMHURI DZAVO. (MUGORE RA 1706 KIRISITU ASATI AZVARWA).



MAVAMBO 21:5, 13, 24:67, 25:12-18, 21-26, 29:23-30

VANAKOMANA VAJOKOBHO
NDIVO VAKAZOVA
MADZIDZA GUMI
NEMAVIRI AIZIRAYERE.

ISHUMAYERE
AKAZVARAWO
VANAKOMANA GUMI
NEVAVIRI VAKAMISIKIDZA
MADZINZA ECHIARABHU.

ISHUMAYERE.

ABHURAHAMU

ISAKA

JAKOBHO





CHIKAMU 3

MOZISI

MUGORE RA1706
KIRISITU ASATI
AZVARWA

PAKAITIKA NZARA MUNYIKA YEKENANI,
MUZUKURU WAABHURAHAMU ANONZI
JAKOBHO NEVANAKOMANA VAKE GUMI
NEVAVIRI VAKANORUNZA KUIJIPITA
UKO VAKASVINOKOWANDA SEGURLIVA.





MHURI YAJAKOBHO UYO
AKANGA ODAVIDZWA NEZITA
ROKUTI IZIRAYERE YAKAWANDA
ZVOKUDARIKA MAIJIPITA AIVEKO.




MUTONGI WEIJIPITA FARAWO AKATANGA
KUVABATA HURANDA ACHIVAPA MABASA
ANOREMA, SEKUKANYISWA ZVITINHA. MUSHURE
MEMAKORE MAZANA MATATU, IZIRAYERE
YAKANGA YAKOSHIWA ZVIVIMBISO ZVAMWARI
KUNA TATEGURU WAVO ABHURAHAMU.

MWARI VAKANGE
VAVIMBISA MURANDA
WAVO ABHURAHAMU
KUTI VANA
VEDZINZA RAKE
VAIZONOBATWA
HURANDA
KWEMAKORE
MAZANA MANA
KUNYIKA YEKURE.
MUSHURE MAZVO
MWARI VAIZOTONGA
NYIKA IYOYO
NOKUZOBURITSA
DZINZA IRI KUBVA
MUUTAPWA.



REGA NDIKUUDZE ZVOKWADI
IZERE, FARAWO ARIKUTYA NOKUDA
KWOUWANDU HWEDU, SAKA
WAKUURAYA ZVINDUMURWA ZVOSE.
VAIJIPITA VANOLUNYOPE LIYE HAVANA
KUSIMBA, ISU TAKAGWINYA NOKUDA
KWEMABASA ANOREMA
ATINOITA.




HAVASI
KUZOURAYA MWANA
WANGU. MWARI
VACHAMUCHENGETA.

USADARO!
MWARI LINGAITEI
KUNA FARAWO
ANESIMBA GURU
RAKADAI?



**KWETE!
KWETE
PAMWANA
WANGU,
USADARO
IWE!**

**FARAWO WAITYA KUTI
VAIZIRAYERE VAKANGE
VOWANDISA KUDARIKA VAIJIPITA,
IZVO ZVAKAMUKWEZVA KUTI
AURAYE ZVINDUMURWA ZVOSE.**



NHAI
MHAMHA, NDICHATI
KUDII KUMASOJA
NEVAVAKIDZANI
PAVACHABVUNZA
KUTI MWANA WEDU
ARIPI?


VAUDZE
CHOKWADI!
MAI VAKE
VAKAMUKANDA
MURWIZI,
PACHINZVIMBO
CHEMASOJA.

MAKORE ANGAITE 1525
KIRISITU ASATI AZVARWA.

AMAI, MUNE
CHOKWADI HERE
CHOKUTI MVURA
HAISI KUZOPINDA?

MVURA
HAIPINDI
NOKUTI
TASHANDISA
MUNAMBO,
RICHAEERERA
PAMUSORO
PEMVURA.





NDICHAKUONA
ZVAKARE HERE
HANZVADZI YANGU?
VAIJIPITA VANE
HUTSINYE VEDUWE?

MWARI
VACHAMUCHENGETA,
GARIRA PEDYO
UMUTARISE.

**MUKUNDA WAFARAWO AKALIYA
KURWIZI KUZOSHAMBA.**




**TARIRA! PANE
KUCHEMA KWEMWANA
KUNOBVA MURISERO
URWO!**



ANOGONA
ARIMWANA
WEVAHEBHERU
AVA.


VEDUWE!
NGAANAKE
MWANAKOMANA
UYU.

INOGONA
IRI NZARA
YAMUCHEMEDZA.




NDIGONA
KUMUCHENGETA DAI
NDAIWANA MUNHU
ANOKWANISA
KUMUTARIRA.

PANE
MUSIKANA
WECHIHEBHERU UYO,
PAMWE ANGAZIVE
ANOGONA KUTARIRA
MWANA UYU.



REGAI
NDINOTSVAGA
KUTI PANE ANOGONA
KUMUTARIRA HERE? PANE
MUKADZI AKAURAYIRWA
MWANA WAKE
MURWIZI, ANOGONA
KUMUYAMWISA.


EKISODHO 2:3-9



HAISI
SARUDZO
YAKO, PAKANGA
PASINA CHOKUITA.
CHERO DAI USINA
KUDARO, MASOJA
AINGOMLIWANA
OMUURAYA. RAMBA
LICHINGOTARIRA
KUNASHE.

CHII
CHANDAITA
VEDUWEE? KUTI
NDICHAONA MWANA
WANGU ZVEKARE
HERE? KUTI MWARI
VANEHANYA
HERE?

AMAI!
AMAI!

A comic book panel featuring two characters. On the left, a woman with long dark hair and a surprised expression is speaking. On the right, a man with dark hair is shown in profile, looking towards the woman with his hand near his chin in a thoughtful or listening pose. The background is dark with some light-colored shapes.

MUKUNDA WAFARAWO ALIYA KURIWZI
AKAONA HANZVADZI YANGU. ATI ANODA
KUMUCHENGETA SAKA UNOTSVAGA
MUTARIRI, ARIKULIYA KUNO IZVOZVI!


ROPAFADZWAI
MWARI MUNOGARA
NOKUSINGAPERI!



NDANZWA
KUTI
WAKAFIRWA. NDINE
UROMBO. UKAKWANISA
KUNDICHENGETERA
MWANA UYU,
NDINOKUBHADHARA.

KANA
WAMURUMURA,
NDICHALAYA NDOMUTORA
KUTI ANOGARA KUMUZINDA
WAMAMBO. NDIKO
KWAACHAKURIRA. NDAMUPA
ZITA ROKUTI MOZISI.

ACHIKURA MOZISI WAKADZIDZISWA
NEZVAMWARI MUPENYU.
MWARI VAIVA NECHINANGWA
NEMUKOMANA UYU.



SVETUKIRA
MUKARAVHANI
MUNO NEVANJI
TIENDE
KUMUZINDA
WAMAMBO.


ANOMHANYA
ZVAKADII
MAHACHI AWA?

NDINOKUTENDAI
NOKUNDICHENGETERA MUKOMANA
UYU MOZISI. AKANWA MUKAKA
AKAGUTA. ACHAKURA ZVAKANAKA
AGOITA MUNHU ANESIMBA UYE
ANEMARI.

EKISODHO 2:8-10

SEMWANAKOMA WOKUZVARIRWA WOMUKUNDA
WAFARAWO, MOZISI WAKAKURA AKAITA
GUHU MUIJIPITA. AIVA NOMUKURLUMBIRA,
MARI NESIMBA ZHINJI MUDUNHU IRI.






NDINOKUUDZA
CHOKWADI MOZISI,
MWARI WAABHURAHAMU, ISAKA
NAJAKOBHO WAKATAURIRA
ABHURAHAMU KUTI VANA
VEDZINZA RAKE VAIZONOGARA
MUNYIKA YEVATORWA,
VACHIZOWANDA NEKUIVA
NEMUKURUMBIRA. HEZVO,
CHIONA ZVATAVA!

VAKAUDZA
ABHURAHAMU
ZVEKARE KUTI
RUDZI URWU
RWAIZOMBUNYIKIDZWA
KWEMAKORE ANOSVIKA
MAZANA MANA.
CHITARIRA KUTI
KWAPERAMAKORE
MAZANA MATATU
NEMAKUMI MASHANU
NEMAPFUMBAMWE,
SAKA KWASARA
MAKORE MAKUMI
MANA NERIMWE.



CHINGAVE CHOKWADI
HERE ICHI, HANDIONI FARAWO
ACHISUNUNGURA VARANDA
VAKE VOSE. KUZOTI TICHAENDA
NEUPFUMI UZHINJI, AAH,
HANDIZVIONI, HAMHENO.
TIGOMIRIRA MAMWE MAKORE
MAKUMI MANA NERIMWE.

VAKAUDZA ABHURAHAMU
KUTI NYIKA IYI YAIZOTONGWA
NOKUDA KWEZVIVI ZVAYO, UYE
IZIRAYERI YAIZOSUNUNGURWA
ICHIENDA NEHUPFUMI HUKURU
KUNYIKA YECHIPIKIRWA.




RUDZI RWECHIEBHURU
RWAKATAMBUDZWA MUMAOKO EMAIJIPITA
VACHIKANYISWA ZVITINHA ZVAKAWANDA.
MOZISI WAKASHUNGURDZIKA ACHIONA
IZVI AKAFUNGA KUTORA MATANHO.

MUKA
ASATI AKUROVA
ZVEKUKUURAYA!

MUKA
IWE, TSVINA
YEMUNHU!


SIMUKA
IWE EBHA!

EKISODHO 2:10-11



RIMWE ZUVA MOZISI
WAKAONA MUIJIPITA
ACHISHUNGURUDZA
MUHEBHERU.

NGLIVA
YEKUDZIKINURWA
YAKWANA,
USADARO IWE!



**MBAMA!
WATSU!**

**HAUCHAFI
WAKAZVIITA
ZVEKARE.**

MOZISI WAKAURAYA
MUIJIPITA UYU
NDOKUMUFUSHIRA, ASI PANE
AKAMUONA AKANOULDZA
MAMBO FARAWO.



**MIRA! MIRA
ZVAKO! UNOFANIRA
KUTONGERWA NYAYA
YAKO YOLMHONDI.**

**NDI
MOZISI!**


**MWARI
WANGU, KO
NDAITEI!**



MUMAKORE ANOSVIKA
1491 KIRISITU
ASATI AZVARWA.

MOZISI WAKATIZIRA KUGWENGA
KWAIVE KUSINA HAMA KANA
SHAMWARI. AKANGE ATADZA
KUDZIKINURA HAMA DZAKE, APO
NAYEWO AITOTSVAGA DZIKINURO.

EKISODHO 2:11-15



WAFAMBA
KWENGLIVA
NDEFU, MOZISI
WAKASVIKA
PAUFUDZWA
MAKWAI.

TARIRA,
MURLUME
UYO!

ZVAANOITA
KUNGE
ACHAFA. HUYA
NEMUKOMBE
WEMVURA.

KO ZVAARI
MUIJIOITA!

MOZISI AKATANGA HUPENYU HUTSVA
PAKATI PEVANHU VECHI MIDHIYARI.
WAKADZIDZA KURARAMA MUGWENGA
ACHIFUDZA MAKWAI, WAKAROORA
AKAVA NEMHURI. KWAKAPERA
MAKORE MAKUMI MANA, PFUNGWA
YEHAMA DZAKE NEKWAAKANGA
ABVA IKATANGA KUPERA.



YOWE! IZVI ZVINOSHAMISA,
KOGWENZI IRO RABATA MOTO
SEI! ZVARINONGOBVIRA
ASI RISINGAPERI WANI?
RINONGORAMBA
RICHINGOPFLUTA
NOKUPFLUTA.





**MOZISI, BVISA
SHANGU DZAKO, NZVIMBO
YAURI ITSVENE. NDINI MWARI
WEMADZITATEGURU AKO,
ABHURAHAMU, ISAKA,
NAJAKOBHO.**

**NDAONA
KUTAMBUDZWA, LYE
NDANZWA MINAMATO
YEVANA VANGU MUIJIPITA,
NGLVA YEKUDZIKINURWA
KWAVO YASVIKA,
NOKUVADZOSERA KUNYIKA
YAVO YECHIPIKIRWA.**

**NDAVE KUKUTUMA
KUNA FARAWO KUTI
LINOBURITSA VANHU VANGU
MULTAPWA. PAUCHAMUUDZA KUTI
AVASUNUNGURE, ACHARAMBA.
IPAPO NDICHARATIDZA SIMBA
RANGU KUTI AVAREGEDZE.**



ASI
VACHARAMBA
KUTI NDIMI
MANDITUMA,
VOGOSEKA HAVO
NAZVO!





**KANDA
TSVIMBO
YAKO PASI!**

**TARIRA!
TSVIMBO
YANGLI
YASHANDUKA!**



**KUITA NYOKA
INERLUMBORERA!**



**SUMUDZA
TSVIMBO YAKO
NEKUMUSWE.**



A hand wearing a yellow sleeve and a gold-colored wristband holds a wooden staff horizontally. Below the staff is a dark, rippling pool of water. The background is a solid light brown color. A speech bubble is positioned to the left of the hand.

**HONA,
YASHANDUKA
ZVEKARE
KUITA
TSVIMBO!**

**CHIDZOKERA KUIJIPITA,
NDICHAKUUDZA
ZVEKITAURA NEZVEKUITA.
MUKOMA WAKO
ARONI NDIYE ACHAVA
MUTEVEDZERI WAKO.**



EKISODHO 4:1-4, 12-16



MUGORE RA 1445
KIRISITU ASATI AZVARWA.

KWAPERA MAKORE
MAKUMI MANA
NDABVAKO, VOSE VAIZIVA
NEZVANGU UYE VACHIDA
KUNDIURAYA, VAKAFA.

KUSVIKA
FARAWO
ASUNUNGURA
VANHU VAMWARI.

WAKUDZOKERA
IJIPITA! KO HAUCHATYI
VOSE VAIDA KUKULURAYA
HERE?

UCHATORA
NGLUVA
YAKADII
URIKO?



DAIDZAI
VATUNGAMIRI VOSE,
NGLVA YEKUDZIKINURWA
KUBVA MUITAPWA
YAKWANA.


NDIVANANI
AVA?

LIYO NDIARONI
MUREVHI, MUMWE WACHO
AKAFANANA NESU ASI HAASI
MURANDA SESU.




HUYAI PEDYO
IMI MOSE
VATUNGAMIRI
VAIZIRAYERE.

MOZISI
AKANGE AZVARWA
MAKORE MAKUMI
MASERE APFLURA
APO FARAWO AILRAYA
VANAKOMANA VOSE.
MAI VAKE VAKAMUVIGA
MURUSERO MURWIZI.
NENYASHA DZAMWARI
MUKUNDA WAFARAWO
AKAMUONA
NDOKUMUCHENGETA
SEWAKE.



MAKORE MAKUMI MANA APFULURA, MOZISI
WAKARAMBA UDZVANYIRIRI HWEMAIJIPITA AKASARUDZA
KUTAMBURA NEVANHU VAMWARI. AKAEDZA KUTIDZIKINURA
NESIMBA RAKE NDOKUTADZA. KWEMAKORE MAKUMI MANA
APFULURA AIGARA MUGWENGA. MUNGLVA PFUPI YAPFULURA,
MWARI VAKATAURA NAYE VAKAMURATIDZA NZIRA
YOKUTIBURITSA MUITAPWA. REGAI AKURATIDZEI
MINANA YAACHASHANDISA.



MWARI
WEMADZIBABA
EDU VAKAZVIRATIDZA
KWANDIRI MUGWENZI
RAIPFUTA. VAKANDITUMA
KUTI NDIZOKUTUNGAMIRAI
KUDZOKERA KUNYIKA
YECHIPIKIRWA. HECHO
CHIRATIDZO
CHAVAKANDIPA.



**HEZVO!
TSVIMBO
YAKE
YASHANDUKA
KUITA
NYOKA.**

MUSATYA!



TARIRA
IZVI!



MWARI
VATUMIRA
MUDZIKINURI!

CHOKWADI,
IZVI
ZVICHAGLITSA
FARAWO KUTI
ASUNUNGURE
VANHU.



LIYU
MUNANA
CHAIWO!

HANDEI!
HANDEI
KUNA
FARAWO.

MWARI
WAABHURAHAMU!


HAPANA
CHASHANDUKA
MUNYIKA MUNO
KUBVA PANDAKAENDA
MAKORE MAKUMI MANA
APFULURA. RANGARIRA
ZVANDAKAKUUDZA,
UGOTaura NEMO
NEMO.



MWARI
WAIZIRAYERE WAKATUMA
MOZISI KUNA FARAWO. HANZI
TENDERA VANA VAIZIRAYERE
KUNONAMATA NEKUPIRA
ZVIPIRISO MURENJE
KWEMAZUVA MATATU.



WAKASEKA FARAWO! HA, HA, HA!
NDEUPI MWARI WAIZIRAYERE UYU,
KUTI NDIMUTEERERE? USATAURE
SEBENZI IWE, HANDISI KUZOREGERA
VARANDA VANGU VACHIENDA
KURENJE KWEMAZUVA MATATU.




NDIRIKUZVINZWA ZVAURI KUITA
IWE MOZISI, UCHIKURUDZIRA
VANHU KUTI VARAMBE MABASA.
TARIRA, IKOZVINO VAKUDA
KUNOSHUMIRA MWARI WAVO
MURENJE KWEMAZUVA MATATU.
HAZVISI KUZOITIKA IZVOZVO, KUBVA
ZVINO NDICHAWEDZERA
BASA RAVO.

KUBVA ZVINO,
HAVACHAPIHWA HUNI,
NGAVANOZVITSVAGIRA
VOGA. IWE, CHIBVA PANO
LDZOKERE KWAWABVA!



NDIONEREIWO
HAMA DZANGU,
CHIRUDZIYI
CHAIZVO ICHI?

ZVINOSHAMISA,
KUPINDA MUNO
NEKUZVIKUDZA
KUNGE NDIVO
MWARI?



SAKA URIKUTI
BASA REDU RAWEDZERWA?
NDOSUNUNGURO YAKO HERE
IYI? NDI MWARI CHAIVO
VAKAKUTUMA HERE?

ANOFUNGA
KUTI
NDIYE ANI
CHAIZVO?

UKU
NDOKUNONZI
KURASISWA
KWATAITA
VADIKANI.

AKABVENGEDZERA
UYU!

HOO, HAMUNA BASA RAKAWANDA
KA IMI? MAKUDA KUNOSHUMIRA
MWARI WENYU KURENJE KA? REGAI
TIKUPEI CHIDZIDZO KWACHO!






MWARIWEE,
HONAI, KUBVA
PANDAKATANGA
KUTaura MUZITA
RENYU HUPENYU
HWEVANHU
HWATOSHATA
KUDARIKA
ZVAHWAIVA.

NDINI
JEHOVHA
MWARI WAKO,
NDAONA
KUTAMBURA
KWEVANA VANGU,
NDANZWA
KUCHEMA KWAVO
LYE NDAONA
MISODZI YAVO.

YAKWANA NGLIVA
YOKUZADZISA CHIVIMBISO
CHANDAKAITA KUNA
ABHURAHAMU, CHOKUBURITSA
VANA VANGU KUBVA MUURANDA.
IWE MOZISI NDIWE
UCHAVATLUNGAMIRA.



HONAI MWARI, INI
HANDIGONI KUTAURA!
FARAWO HAASI
KUZONDITEERERA.

ARONI
LICHATAURA PANZVIMBO
YAKO, IWE UNONGOMUPA
MASHOKO ANDINENGE
NDATAURA. PAKUTANGA
FARAWO ACHARAMBA
KUTEERERA KWAURI, ASI
NDICHAKUPA ZVIRATIDZO
ZVICHAMUZIVISA KUTI NDINI
MWARI WEMAZVIROKWAZVO.

WAKASEKA
FARAWO
ACHIONA MOZISI,
HA, HA, HA.
URIKUI TEYI PANO
ZVAKARE?

JEHOVHA VATI
"SUNUNGURA
VANA VANGU".



HONA CHIRATIDZO ICHO!

WAKASEKA
FARAWO,
HA, HA, HA.
MASHURA
AWAITA AYA,
CHERO N'ANGA
DZANGU
DZINOZVIGONA
IZVI.



WAZVIITA
NEUCHENJERI.
ZVATOITA
KUNGE
ZVIROKWAZVO
CHAIZVO,
NDIZVOKA?

PANE ANGAZIVA
KUTI AKAZVITOREPI
HERE IZVI?

EKISODHO 5:10-23, 7:7-11

**HUYAI! HUYAI
NEKUKASIKA, MUYE
NETSVIMBO DZENYU
DZEMASHURA EKUSHANDURA
TSVIMBO ICHIITA NYOKA!**



MWARI WEDU
WENYOKA ANONZI
NEZETI, WATITUMA
KUZOKUUDZAI KUTI
MUKANYE ZVIITINA
ZVAKAWANDA. VAKASEKA
HAVO, HA, HA, HA.





MOZISI, TODII,
TAKUITA SEMAPENZI?

EKISODHO 7:11-12

A comic panel showing the lower legs and feet of several people standing on a sandy ground. In the foreground, four snakes are coiled on the ground, their heads raised and mouths open as if hissing or speaking. A speech bubble originates from the center of the scene.


TARIRA!
NYOKA
YAKE INODA
KURWISA
DZEDU.



**NYOKA
YAKE
YAKUMEDZA
YANGLI!**

*HONAI,
YAMEDZA YANGU
YOSE ZVAYO!*





USADARO,
YAKUDA KUMEDZA
IMWE ZVEKARE.
MWARI WEDU NEZETI
ACHATSAMWA
NAZVO IZVI!



PAFUNGE
HAKO IWE,
NYOKA YAKE
YAMEDZA DZEDU
DZOSE!

ZVAFAMBA
SEI CHAIZVO
IZVI!




JEHOVHA, NDIYE
MUSIKI WEZVOSE.
ANOTI "REGAI VANHU
VANGU VAENDE".

EKISODHO 7:12

HANDIZIVI
KUTI WAZVIGONA
SEI ZVAWAITA,
ASI HAZVIREVI KUTI
NDICHASUNGURA
VARANDA VANGU
MIRIYONI NEKUDA
KWEZVAWAITA.
CHIBVA PANO!



EKISODHO 7:13 "MWARO
WAKAOMESA MOYO WAFARAWO
AKATADZA KUTEERERA
KUSHOKO RAMWARI".



SEI
JEHOVHA
VAKATIPA ZVIRATIDZO
ZVAIGONEKWA
NEN'ANGA
DZAFARAWO.
KWECHINGUVA TAITA
KUNGE MAPENZI
CHAIWO.

HANDIZIVI, ASI MWARI
WAKATI ACHAOMESA MOYO
WAFARAWO. IZVI NDIZVO
ZVANDAONA. ASI WAZOONA
HERE KUSHATIRWA KWAAITA
PAMEDZWA NYOKA DZAVO?

HANDICHAZIVI
ZVEKUITA, REGA
NDITSVAGE
PEKUNAMATIRA,
NDIMBOTAURA
NAMWARI.

MWARI
VAKASANGANA
NAMOZISI ZVEKARE
VAKAMUUDZA
ZVEKUITA.
VAIJIPITA VAINGE
VAMUNYOMBA,
UKUWO VAIZIRAYERE
VAKANGE
VOMURAMBA NOKUDA
KWOKUWEDZERWA
KWEBASA
NAFARAWO. MOZISI
WAKARAMBA
ACHITENDA
NOKUTEERERA
MWARI WAKE
CHERO AKANGE
ASINGANZWISISE.



JEHOVHA
VANOTI, "NOKUTI
WARAMBA KUTEERERA
IZWI RANGU ROKUTI
USUNUNGURE VANA
VANGU, KUTI UGOZIVA
KUTI NDINI MWARI
WEZVOKWADI, MVURA
YOSE YOMUIJIPITA
ICHASHANDUKA KUITA
ROPA".



IZVI
ZVINOSHAMISA,
AZVIITA SEI!

ENDAI
MUNODANA
N'ANGA
DZANGLU, MWARI
WERWIZI NAIRI
ACHAZVIMISA
IZVI.




TARIRA,
NEN'ANGA DZANGU
DZINOZVIGONAWO
IZVI, HANDISI
KUZOBATWA KUMESO
NEZVALINOITA.



HANDISATI
NDAMBOONA
MASHURA AKADAI,
ZVITUBU NEMIJENGA
YOSE YEMVURA
YASHANDUKA KUITA
ROPA. ATI MWARI WAKE
ANONZI ANI ZVIYA?


HANDINA
KUMBOMUNZWA
VATI NDIKUPE
MAFUFU AWA.

MWARI
NGAVAKUDZWE! MWARI
VANORANGARIRA VANHU VAVO!
HANDINA KUKODZERA NETSITSI
DZAKADAI. NDI TENDEREIWO
ISHE VANGU.

NDINE
HUPFUMI
HWAKAWANDISA,
NDICHATOGADZIRA
POKUISA HUPFUMI
HWANGU PAKATI
KUREI.



**BENZI
ROMUNHU, NHASI
CHAIYE UCHAFWA
MWEYA WAKE
UGONOTONGWA.**

**MUNHU AKATARIRWA
KUFWA KAMWE,
WOZOTONGWA
MUSHURE.**

**HUU!
FUU, BHII!**

LUKA 16:19-22; VAHEBHURU 9:27

PAVAKANGE VONORADZIKANDA
SHOROMA IYI, VAKAWANA RAZARO AFA.



IHARAHWA IYA
YAIGARA PAMUKOVA
ICHIKUMBIRA
ZVOKUDYA, RAZARO.
AFA ASI ANORATIDZA
KUVA NERUNYARARO
RUKURU.


RAZARO WAKATAKURWA MUNGORO
NDOKUNORADZIKWA SEZVINOITWA
VAROMBO. HAPANA AKAMUCHEMA, KANA
KUSHUNGURUDZIKA NERUFU RWAKE.



ASI NGIROZI DZAKALIYA
DZIKAMUENDESA
KUPARADHISO.

HEYI!
TAFAMBA
ZVAKANAKA.
NDANGA
NDISINGAZIVI
KUTI KUFA
KUNONAKIDZA
SEIZVI.

RAZARO, HAMA
MUNASHE, TINOKUGASHIRA.
HAUCHASHAYI CHOKUDYA
ZVEKARE, UYE MUVIRI WAKO
HAUCHAKURWADZI ZVEKARE.
HUYA UDYE PATAFURA
YAWAKAGADZIRIRWA.



WAIVA MUNHU
AKANAKA. DZIMWE NGLIVA
WAIOMESERA VASHANDI VAKE,
ASI AIZVIITA NOKUTI AIDA NYIKA
YAKE, UYE AIVE AKATENDEKA
MUKUBATA KWAKE KOSE.

WAENDA
KUNOPIWA MUGOVE
WAKE, MWEYA WAKE
NGAUZORORE
MURUGARE.

VAPFUMI
VANORADZIKWA
ZVINECHIREMERA,
VANE MARINDA
AKANAKA.
VAZHINJI VAKALIYA
KUZOONA KUTI
AKANGE AVASIYIRA
CHII MUSHURE
MORUFU RWAKE.


PAKAFU MUPFUMI
AKAZVIONA ACHIWIRA
MUGOMBA RISINA
MAGLIMO.



RLIKA 16:22



NDIBATISIREIWO!
MWARI WANGU, PANE
ANGANDIBATSIRAWO
HERE! NDIRI PANO
MUMOTO!




BABA
ABHURAHAMU,
NDINZWIREIWO TSITSI.
NDINOONA RAZARO
LIYO IKOKO, MUTUMEI
ANYIKE CHIGUNWE
CHAKE MUMVURA
AZONDITONHODZA
KUTSVA KWANGU.

MUKOMA, DAI
NDAIGONA NDAIKUBATSIRA,
ASI PAKATI PEDU NEMI
PANE MUKAHA MUKURU,
HATIGONI KUYA IKOKO, LIYE
IMI HAMIGONI KUYA
KUNO.

TUMIRAI RAZARO KUHAMA
DZANGU ANOPARIDZIRA
MADZIKOMA ANGU MASHANU PASI
KUTI VASALIYE KUNO KWANDIRI
KUZERE NOKUTAMBURA.


LUKA 16:22-31



**KWETE,
HAZVINA KUKWANA,
VAKAONA KUMUKA
KWEMUNHU KUVAFI
VANOTENDEUKA.**

**VANE
LICHAPUPU
HWAMOZISI
NEVAPOROFITA.
REGAI VATENDE
MAGWARO.**

**KANA VASINGATENDI MAGWARO
HAZVISHANDUKI KANA VAKAONA
MUNHU ACHIMUKA KUVAFI. KWALURI
HAZVICHABATSIRI, ASI AVO VANOFANIRA
KUTENDA. NDINE UROMBO HAPANA
CHANDINOKWANISA KUITA.**



APO,
MAJAYA
MURISEYI. HUYAI
NDIKUFADZEI,
RUDO RWANGLU
RWAKACHIPA.


ISHE,
MUSAMUTEERERE
LYO. HAPACHINA
TARIRO YESUNUNGURO
KWAARI.



MAGWARO MATSVENE
ANOTI, "USAITE
LIPOMBWE."

AIWA,
INI NDIRI
MURANDAKAZI
ANOTENDA KUNA
MWARI.

SATANI
WAKAKUNYENGERA,
MAGUMO AKO, IDZIVA
ROMOTO UNOPARADZA.



WANZWA KUTAURA
KWESHAMWARI YAKO.
KWANDIRI HAPACHINA
TARIRO. NDAKATANGA
CHIHURE NDIRI
MWANA MUDIKI.

TARIRO HAIPERI
KWAURI MUNA MWARI.
LIKAMUTSVAGA NOMOYO
WAKO ANOWANIKA.
ACHAKUREGERA ZVIVI
ZVAKO AGODZOREDZERA
MWEYA WAKO.

MWEYA WANGU
UNA DHIYABHOROSI,
ASI NDINO GONA KUUPA
KUNA MWARI KANA...
HHHH... HHH.





HEY!!!!...

**AZERE
NEMWEYA
YETSVINA!**

**DZOKA
PANO!**

EKISODHO 20:14; RLKA 8:2;
1 JOHANE 1:9



YOWEE...

**BUDA
MAARI
SATANI!**



NDINOKURAIRA,
BUDA MAARI.
USADZOKE ZVEKARE.


MADHIMONI MANOMWE
AKABUDA MAARI MUSHURE
MOKURAIRWA NAJESU.



ABUDA!

KO IWE
NDIWE
ANI!


NDINI
JESU.



REGERA
MABASO
AKO ERIMA
UNAMATE MWARI,
UKASADARO
MWEYA IYOYI
ICHADZOKA
NEIMWE YAKAIPA
KUYIDARIKA.

NDINODA
KUTEVERA MWARI.
NDICHAKUTEVERAI
NDIGODZIDZA
ZVAKAWANDA.

CHII
CHAITIKA
KWAARI?




ISHE, NDAONA ZVAITIKA,
NDASHAMISWA. VAKURU VEDU
VEZVINAMATO VAIVE VASINA
KANA SHUNGU NAMARIYA
MAGADHARINA.

ASI VAMWE VAVO
VAIZOMUTSVAGA
HUSIKU. MAMUPA
HUPENYU HUTSVA.


TICHATEVERA.

MUNGALYEWU KUMBA
KWANGI, IMI NEVADZIDZI
VENYU MUZODYA? NDINODA
KUTI SHAMWARI DZANGU
DZINZWEWO DZIDZISO
YENYU.




TIUDZE JESU,
MUNHU ANGARARAME
ACHITEVEDZA NZIRA
DZOKURURAMA SEI
MUNYIKA IZERE
NOHUORI YAKADAI?

MUSAPEDZERE
SIMBA RENYU PANE
ZVINOORA, ASI PAUPENYU
HUSINGAPERI. USAPEDZERE
NGUVA MUKUUNGANIDZA
UPFUMI HWAKO, ASI TSVAKA
KUTI UNGAVE ROPAFADZO
SEI KUNYIKA.



LIPENYU
HWAKAKOSHA
KUDARIKA ZVOKUDYA
NEZVOKUPFEKA. KANA
MWARI VACHIPFEKEDZA
MARIVA ENYIKA,
ANOGONA
KUKUPFEKEDZAWO.


ICHAKWANA NGLIVA
ICHAMISWA VANHU
VOSE PAMBERI PECHIGARO
CHAMWARI CHOKUTONGWA.
VANHU VACHATONGWA
MARINGE NEMABASA
AVAKABATA AKANAKA
NEAKASHATA.



MUSAITE SEVATUNGAMIRI
VENYU VEDZISVONDO
VASINGARARAME SEKUPARIDZA
KWAVO. VANOITA SEMIKOMBE
YAKACHENA KUNZE ASI MUKATI
IZERE TSVINA.

KANA
KURLURAMA
KWENYU
KUSINGAPFUURI
KWAVO,
HAMUNGAPINDI
MUMAMBO
HWAMWARI.

MUPARIDZI 12:14; MATEU 23:25, 6:19-21, 25,
28-30, 12:36; RUKA 15:1-3



SAKA
MUNOGAMUCHIRA
VATADZI, MOTOGARA
NAVO PASI MUCHIDYA?
NDINOONA MARIYA
MAGADHARINA URIPANO,
SAKA MUNGAVE
MUTSVENE PAKAYI
MUCHIGARISANA
NEVAKADAI?

REGAI
NDIKUPEI KANYAYA
KANOTSANANGURA
MOYO WAMWARI.



PAIVA
NEMURUME AIVA
NEVANA VAVIRI.
MUDIKI WACHO AIVA
ASINGATEERERI
ACHIFARIRA MAFARO
ENYIKA.


HONGU,
NDINOIFARIRA
NYAYA IYI.



AKAUDZA
BABA VAKE
KUTI VAMUPE
MUGOVE WAKE
WENHAKA.

BABA, DAI
MANGONDIPA
CHIDIMBU
CHEMUNDA
WANGU, NDINODA
KUNOTSVAGA
UPFUMI HWANGU
MUGUTA.

NHAI MWANANGU, ZVOSE ZVANDINAZVO
HAZVISI ZVAKO HERE? NDICHARARAMA KUSVIKA
RIINI, MANJE MANJE MUNENGE MOGOVANA NHAKA
YANGU NEVAKOMA VAKO. TARIRA NDINE UPFUMI
WUZHINJI, MUCHAGARA ZVAKANAKA HUPENYU HWENYU
HWOSE. TARIRA TINE ZVIPFLIYO ZVAKAWANDA, HWAI,
MOMBE, VASHANDI VAKAWANDA, UYE TINORIMA
PAKURU GORE NEGORE ...




INI NDINODA KUNOONA NYIKA
KUGUTA, HANDIDI HANGU UPENYU
HWEPMUNDA NDICHISHANDA
SEMURANDA KWOLPENYU HWANGU
HWOSE. NDICHIRI MUDIKI, NDINODA
KUMBOFARAWO NESHAMWARI
DZANGU.

IDZO SHAMWARI
DZAKO DZISINGADI
ZVEKUSHANDA,
DZINONGOFUNGA
KUTI MADHONGI
API EKUBHEJERA,
IWAINI IPI INODHAKA,
LIYE VAKADZI VAPI
VANGAVAFADZE.

MUNOZIVEI IMI
NEZVEUPENYU, MACHEMBERERA
PANO PAMUNDA. NDINODA
KUENDA KUGUTA KUNOGADZIRA
UPENYU HWANGU.

MUPEI MUGOVE WAKE
AENDE, TIRINANI ASIPO,
MUNHU ASINGADI KUSHANDA
ZVINOITA VAMWE.





BABA VAKAPA
MWANAKOMANA WAVO
MUDIKI MUGOVE WAKE,
AKAYAMBUKA NZIZI ACHIENDA
KUGUTA KUNOTSVAGA
MAFARO.

UHU NDOUNONZI
UPENYU MANJE
UHU, PASINA
MUNHU ANOKUUDZA
ZVOKUITA.

LUKA 15:11-13



MWANAKOMANA
MUDIKI...

HEYII,
IZVI ZVINODAKADZA
KUDARIKA
ZVANDAIFUNGIRA, VANHU
VOSE AVA, UYE ZVIVAKWA
ZVOSE IZVI. KUNO
NDOKUNE ZVESE.

REGAI
NDITSVAGE
POKUGARA
NDICHIRIPIRA
HANGU.



PANO
PAKANAKA,
REGAI
NDIPINDE.

KANA PAINE
CHAUNODA,
UNONGOTIUDZA,
TAKASVINURIRA
KUKUBATSIRAI
MASIKATI
NOUSIKU.

CHII CHIMWE
CHALINGADA PAKADAI,
MANGWANA NDICHAPINDA
MUGUTA NDINOONA
VANHU VEMUNO.



LUKA 15:13




NDIYANI UYU? MUKOMA,
VACHANGOBVA KUMUSHA,
REGAI TIVAONGORORE.
VANODARO VAKATSVINDA
TIKAONA CHISO CHAVO.

MUKOMA, KANA MUCHIDA
MAFARO, TANGAI MAGERWA,
MOTSVAKAWO ZVIPFEKO
ZVINOYEVEDZA.


CHIKOMANA,
HAUCHIONEKA,
NDOKUNONZI
KUPFEKA-KA
UKU.





TINOFARA
KUTI WALIYA
KUZODYA
PAMWE NESU.

WAKURATIDZIKA
ZVAKANAKA MANJE,
WAGERWA ZVAKANAKA
LIYE WAKAPFEKA
ZVINOYEVEDZA.



NGATIFARIRE
SHAMWARI YEDU ITSVA
IYI. UGARE UCHIFARA.

UYE
LWANE
RUDO.

MUTENGESI,
IPAI SHAMWARI
DZANGU IDZI
ZVIMWE
ZVINWIWA.

LUKA 15:13

HATIGONI HERE
KLUENDA KWALURI KUGARA,
TINGORI VAVIRI HEDU.



KWEMWEDZII
YAKATI O, MUKOMANA
UYU AKARARAMIRA MAFARO
NESHAMWARI DZAKE, SEZVO
PAIVE NEMARI.



RAKASVIKA ZUVA APO
MARI YAKANGE YAPERA
NEKUBATA MAFARO, ASI
SHAMWARI WAIVA NADZO
DZAIVE NEMARI.



UNOREVEI KANA
UCHITI HAUCHINA MARI,
NDAIFUNGA KUTI URI
MUPFUMI?


ZVINODA MARI ZHINJI
KUGARA MUNO MUGUTA. SVONDO
RAKAPERA NDAKABHEJA MARI
YANGU YAINGE YASARA PAMABHIZA
NDICHIFUNGA KUTI NDICHAHWINHA,
ASI BODO..

UNOREVA KUTI
HAUCHINA MARI? SAKA
UCHANDITENGERA SEI
ROKWE RIYA RAWAIDA
KUNDITENGERA?

NDALFUNGAWO
KUTI PAMWE BABA
VAKO VACHANDIPA
BASA ROKUTARIRA
DZIMBA DZAVO.

BASA!





LINGAZVIFUNGE
KUTI NHASI NDINI
NDAVE KUCHENGETA
NGURUVE. ZVIPFLIYO
ZVAKAN'ORA.

NDALIFUNGA KUTI
NDINE SHAMWARI.
KANA MUMWE
ACHATAURA NENI ZVAKE.
ASI NDICHAWANA RIMWE
BASA NDIGODZOKERA
PAMUSORO
PANDAIVE.

OINGI..

OINGI..

SIRAKI...
SIRAKII..

GURURURU...



HANDINEI NAZVO
ZVOKUTI UNORWARA, ITA
BASA RAKO KANA KUTI
NDOTSVAGA MUMWE.
HANDE TIONE!

HONGU
ISHE, NDINE
HUROMBO.
REGAI NDIITE
BASA RANGU.




BASA IRI HARINA
MARI. HANDIGONI
KANA KUTENGA
CHIKAFU CHAKANAKA,
APO SHAMWARI
DZANGU DZIRIKUDYA
ZVAKANAKA.



NDAKAITA
LIPENZI CHAIHWO, KO
NDIKADZOKERA KUNOKUMBIRA
KUITA MURANDA KUMBA KWEDU?
NDAKAPARADZA MUGOVE WANGU
WENHAKA, ASI NDINOKWANISA
KUNOITA MUSHANDI KANA
VAKANDIBVUMA.


HONAI
ZVANDAVE. NDINORARA
NDICHITONHORWA,
HANDIDYE NDICHIGUTA,
UYE BASA RANGU RINOREMA.
KUNO NDINODYA NENGURLIVE,
ASI VASHANDI VABABA VANGU
VANODYA ZVAKANAKA.
KWETE, HANDINGADZOKERE
KUNYANYA NDICHITARISA
MABVIRO ANDAKAITA.






NDAKUENDA
KUMBA
KWEDU.

BENZI
REMUNHU! HAUNA
MARI YEBHAZI,
UCHAFAMBA CHIURU
CHEMAMAIRA.



MUSHURE
MEMASVONDO
ACHIFAMBA,
AKANGE AVE
PEDYO NEKLUMBA
KWAVO.

NDAKUSVIKA.
HANDINA MVUMO
YOKUTARISIRA
KUNOGAMUCHIRWA. NDICHANOTI,
"BABA, NDAKATADZA,
HANDICHINA MVUMO YOKUNZI
MWANA WENYU. NDITOREIWO
SEMUMWE WEVARANDA
VENYU."



UNOONA MURLUME
UYO ANOBVA NEKOKO. MAZISO
ANGU HAACHAONA ZVAKANAKA,
ASI ANOITA SEMWANA WANGU
WAKATETEREKA NENYIKA.

NDIZVOZVO,
ATIKUREI, UYE
AWONDA, ASI
NDINOTENDA
KUTI NDIYE
MWANAKOMANA
WENYU.

**MWANAKOMANA
WANGU!**





MWANAKOMANA
WANGU! JAYA
RANGLU! WADZOKA
KUMUSA!

BABA
NDAKATADZA
MUMESO ENYU.




HANDICHAKODZERE
KUNZI MWANA
WENYU.

TAIFUNGA
KUTI WAKAFA, ASI
URI MUPENYU.
UCHASHAMBIDZWA
ZVINO-ZVINO.


HAUNGAENDI
KUMBA WAKADAI, VARANDA
VANGU VACHAKUPFEKEDZA NHUMBI
NESHANGU DZAKANAKA. MHETE YAKO
YEMUCHIGUNWE IRIPI? NDICHAKUPA
IMWE. MWANA WANGU AKANGE
AKARASIKA, ZVINO ADZOKA.



URAYAYI
CHIMHURU CHAKAKORA,
MOGADZIRA MUTAMBO
MUKURU. DAIDZAI
SHAMWARI DZANGU
TIGOFARA NOKUTI NHASI
IZUVA ROKUFARA.



NDINOFARA KUTI MOSE
MALIYA KUZOBATIRANA NENI
MUMHEBERO INO. MWANA
WANGU HAANA SIMBA KUBVA
PAMADZUDZO AAKASANGANA
NAWO, ASI ANOITA ZVAKANAKA
PASINA NGUVA. NHASI
IZUVA GURU KWANDIRI
ROMUFARO.



MUKOMANA
MUKURU WAKANGE
AVHAKACHA
KWEMAZUVA,
PAAKADZOKA
AKAWANA PAMBA
PANE MUTAMBO
MUKURU.


MAFARO EIKO
ANDINONZWA
AYA?

MUNIN'INA
WAKO AKADZOKA
ASAKARA. ARIKURWARA
LIYE AKAPARADZA UPFUMI
HWAKE HWOSE. BABA
VAKO VARIKUPEMBERA
KUTI ADZOKA.
KURUMIDZA KUPINDA.


HANDISI
KUZOBATIRANA NAVO
PACHINHU CHOU PENZI
CHAKADARO. AKARARAMA
SEBENZI ACHITADZA
ZVINONYANGADZA.

MURANDA AKAUDZA BABA
VAVO ZVAINGE ZVATAURWA
NEMUKOMANA MUKURU. BABA
VAKABUDA KUZOTAURA NAYE.

KWENGLVA REFU
NDAKATSVAGA MWANA UYU
NDICHIFUNGA KUTI PAMWE AKAFA.
NDAKANGE NDISISINA TARIRO,
ASI NDAKAZOMUONA ODZOKA
NENZIRA YOKOKO. UNGATI KUDII
NEKUIROPAFADZWA KWAKADAI.
MWARI WAKANAKA.




MUNOITA SEI
KUPEMBERERA
MUTADZI
WAKADAYI KUTI
ADZOKA. HANDISI
KUZOITA CHINHU
CHAKADARO.



IYI INYAYA
INOFADZA
ZVAKANYANYA.
SAKA MURI KUTI
ISU TAKAFANANA
NEMUKOMANA
MUKURU?

UYO
ANENZEVE
DZOKUNZWA,
NGAANZWE.

LUKA 15:23-32



UYYU MUNHU
AKASHATA. VANHU
VOSE VANOMUDA.

ANOPA
VANHU
TARIRO.


ICHOKWADI, ASI ARIKUNYEPERA
VANHU. NDIYANI ANGAWANE UPENYU
HUSINGAPERI IYE ARI MUTADZI? ANOFANIRA
KUFA. DAIIDZAI VANHU VOSE MUVAUDZE KUTI
TIZONOSANGANA KWEMUPIRISITA MUKURU.

HUYAI, NGATIDZOKERE KUGARIREYO
TIMBONAZORORA. NGLVA INOSVIKA PAVACHANDIISA
MUTIRONGO. VACHANDIMHURA NOKUNDIURAYA. ASI
NEZUVA RETATU NDICHAMUKA KUVAFI.

ANOREVEI
PAKUTI,
"KUMUKA
KUVAFI."

HANDIZIVI,
PAMWE
CHIRAHWE.





ISHE, NDATEMWA
NAMARITA. HANZVADZI YAKE
INORWARA ZVAKAIPISISA. VATI
MUKAKASIRA MUNOGONA KUWANA
ACHIRI MUPENYU. TINOZIVA
MUNOGONA KUMURAPA.

RAZARASI?
WARWARA?
NGATIKASIREY?

TAURIRA MARIYA NAMARITA KUTI
URWERE UHWU HAUSI HWOKUTI AFE, ASI
HWOKUTI MBIRI YAMWARI IONEKWE.

ISHE, KWAPERAZVAKAIPISISA.
ZVICHATITORERA MAMWE MAZUVA
MAVIRI KUTI TISVIKEKO, HATIFANIRE
KUNGE TOSIMUKA HERE?



ISHE, KWAPERAZVAKAIPISISA.
ZVICHATITORERA MAMWE MAZUVA
MAVIRI KUTI TISVIKEKO, HATIFANIRE
KUNGE TOSIMUKA HERE?

TINOSIMUKA
MANGWANA.
MUCHAONA MBIRI
YAMWARI.



ISHE, KWAPERA
MAZUVA MANA,
TINOSVIKA NENGLUVA
HERE?

RAZARASI WAFU.
NDINOFARA KUTI
NDANGE NDISIKO.
ZVINO MUCHAONA
MBIRI YAMWARI.

WAFU?
RAZARASI
WAFU?

MATEU 20:17-19; JOHANE 11:1-15



JESU
NEVADZIDZI
VAKE VARI
PANZE.

AIKAZVE...

KWETE KANI...

NGAVAMIRE PANZE IPAPO.
HAZVIZONDINAKIRE VAKAPINDA
MUNO VACHIONEKWA NEVAFARISE
NEVAPIRISITA, VANOTSVAGA
KUVAVURAYA.

**RAZARO
WANGU
KANI!**

ISHE, DAI MANGA MURIPANO
HANZVADZI YANGU INGADAI
ISINA KUFA. NANHASI CHERO
CHAMUNOKUMBIRA KUNA MWARI
VANOKUITIRAI.




HANZVADZI YAKO
INOMUKA KUVAFI.

NDINOZIVA KUTI
UCHAMUKA PAKUMUKA
KWEVOSE PAKUPERA
KWENYIKA.



INI NDINI
KUMUKA
NOUPENYU.

LIYO
UNOTENDA
MANDIRI
HAANGATOMBOFI, ASI
LINORARAMA ZVEKARE.
VOSE VAPENYU
VANOTENDA MANDIRI
HAVANGATOMBOFI.

A close-up illustration of a woman with a blue headscarf, looking upwards with a surprised expression. Her right hand is raised, palm facing forward. A white speech bubble with a black border is positioned to the right of her face, containing text in a stylized font. The background is a light blue sky with some dark, horizontal brushstrokes.

HONGU ISHE,
NDINOTENDA KUTI
NDIMI MUPONESI
MWANAKOMANA
WAMWARI
WAKAPOROFITWA
KUTI UCHAZOLUYA
MUNYIKA.

PAKAPEDZA MARITA
KUTAUURA NAJESU, AKATUMA
MURANDA WAKE KUTI
ANOMUSHEVEDZERA MARIYA.

HUYAI,
AVAKUENDA
KUMAKUVA
KUNOCHEMA.

VEDUWEE...

JOHANE 11:17-31





ISHE, DAI
MAGA MURIPANO
HANZVADZI YANGU
INGADAI ISINA
KUFA.

MAMURADZIKA
PAPI?



TINOMUSLIWA
ZVAKANYANYA.



TARIRA
LIONE MADIRWO
AIIITWA RAZARASI
NAJESU.

KO IYE AISVINUTSA
MAPOFU AKATADZA
NEYI KUCHENGETEDZA
SHAMWARI YAKE KUBVA
KURUFU URWU.




**KUNGURUTSAI
DOMBO IRO
RIBVE IPAPO.**

**HANDINA KUTI MUKATENDA
MANDIRI MUCHAONA
KUBWINYA KWAMWARI HERE?
BVISAI DOMBO IRO.**

**NHAI ISHE,
HAASI ONLUHWA
HERE ZVAKWAPER
MAZUVA MANA
AVIGWA?**

BABA, NDINOKUTENDAI
NOKUTI MUNONDINZWA. HANDISI
KUNAMATA NOKLIDA KWANGU, ASI
NOKLIDA KWEAVO VAKANDITARIRA KUTI
VAGOTENDA KUTI MAKANDITUMA.
IKOZVINO BABA, CHIRATIDZAI
KUBWINYA KWENYU.



JOHANE 11:32-42



**RAZARASI
NDINOTI
KWAURI BUDA!**

**ZVAAVA
KUITA IZVI
ZVANYANYA.**

**CHOKWADI,
AKURATIDZA
LIPENZI
HWAKE.**



SEI ACHIDARO,
HANDITI MUTUMBI
WANGA WOTOTANGA
KUSHATA HERE?

KANA VANHU VOSE
VAKAONA KUTI MUNYENGERI
ZVINOITA NYORE KWATIRI
KUTI TIMURAYE.



**CHIKO ICHI?
HANDIZVITENDI
IZVI.**

HANDIZVITENDI!



**MWARI
NGAVAKUDZWE!**

HUREE!



**AZVIITA!
MARIYA,
AZVIITA!**

**MUPENYU!
MUPENYU
MUSHURE
MEMAZUVA
MANA.**

JOHANE 11:43-44

MUSHURE
MEMAZUVA
MANA, RAZARASI
AKABUDA
MUBWIRO,
AKASUNGWA
NEMICHEKA
MAKUMBO
NEMAOKO.

MUSUNUNGUREI,
MUMUREGE
AENDE!



NDIYANI
ANAGITE
IZVI KUNZE
KWAMWARI.

KO KUNDISUNGA
KUDAI INDAVA?
NDISUNUNGUREI
KUMICHEKA
YEMUBWIRO IYI.

WANGE
WAKAFA
KWEMAZUVA
MANA.

ISHE, ZVAKANAKA
KUKUONAI.
NDINOZIVA KUTI
NDIMI MANDIMUTSA
KUVAFI.






IWE
RAZARASI, TANGA
TAKUSUWA
ZVAKANYANYA.

NDINE NZARA,
VALIYA KUZOCHEMA
PARUFU NGAVAENDE
HAVO, TIGONE
KUDYA.


ROPAFADZWAI
MWARI NAISHE
WEDU.



UNGATENDE ZVATAONA
HERE? HAPANA KUNYENGERA
APA, NDAKAMUONA RAZARASI
ASATI AVIGWA. AINGE AFA
ZVEMAZVIROKWAZVO. HAPA
CHITSOTSI APA.

KANA VARI
JERUSAREMA
VAKANZWA IZVI
VACHAMUGADZA
MAMBO, NGATIONE
ZVEKUITA
NOKLUKASIKA.

TICHAUDZA
VANYORI
NAVAFARISE
NOKLUKASIKA.




KUTI JESU AITA
CHITSOTSI NHASI, KANA
VERUZHINJI VATOFUNGA
KUTI AMUTSA MUNHU
KUVAFI.

HAZVINA BASA
KUTI WAZVIITA SEI,
CHAKAKOSHA NDECHOKUTI
KANA UKASAMISWA KUITA
IZVI MOYO YAVAZHINJI
ICHATENDELUKIRA KWAARI.


KANA PAKAITA KUMWE
KUMUKIRANA VAROMA
VANOTIBVISA PAZVIGARO ZVEDU.
VANODA KUTI TICHENGETE
RUNYARARARO.

JOHANE 11:44-48



ASI JESU HAASI
PAKURWISANA
NEVAROMA KANA
KUKONZERA
MHIRIZHONGA.

MASHOKO AKE ANOKONZERA
MHIRIZHONGA! ANOTAIRIRA
VERUZHINJI KUTI TIRIVANYENGERI.
VANHU VANOTISVORA
NOKUTIMHURA PACHENA.



ANOFANIRA
KULURAWA.
HAAZOGONI
KUZVIMUTSA
KUVAFI.

NGAZVIITWE
NEKLUKASIKA
ASATI APARADZA
RUKUDZO RWOSE
RWECHITENDERE
CHEDU RWANGA
RWIRIPO.


VAROMA
VASATI
VATIOMESERA.

VANDIRAMBA, UYE VANOTSVAGA
KUNDIURAYA, HAVAZIVI KUTI NDINI
RUPONESO RWAVO. NDAENDA,
VAROMA VACHAPARADZA TEMBERI
YAVANODISA IYOYO. HAPANA IBWE
RICHASARA RAKAMIRA PANERIMWE.




ICHAKWANA NGLVA APO VOSE VANONDIDA
VACHAKANDWA MUMATIRONGO. MUCHAVENGWA NEMARUDZI
OSE NOKUTI MUNONDIDA. VAMWE VENYU MUCHAFIRA
MUMAOKO AVO. VAMWE MUCHADZINGWA KUBVA PAMISHA
YENYU NEPAMABASA ENYU. MUSAZOSHAMISIKA PANOITIKA
ZVINHU IZVI NOKUTI MUCHANZWA ZVEHONDO, KUDENGENYEKA
KWENYIKA, ZVIRWERE, NZARA NEKUPARADZWA
KWAKAIPISISA, ASI MAGUMO ANENGE ASATI ASVIKA.






AWA NDIWO MAVAMBO
EKUTAMBURA KUKURU.
JERUSAREMA ICHAPAMBWA
NEVATADZI KUSVIKA NGUVA YAVO
YAZARA. KANA MUKANZWA KUTI
NDADZOKA, ENDAI PANO NEAPO
MUNOSANGANA NENI, ZIVAI KUTI
OSE AYA MANYEPO. VAZHINJI
VACHALIYA VACHISHANDISA ZITA
RANGU KANA KUTAURA
NEMUZITA RANGU.



ASI PANDICHADZOKA,
NDICHAITA SEMHENI, ZVOKUTI
MESO OSE ACHANDIONA. VAKAFA
VACHAMUKA, LIYE NDICHAMISIKIDZA
MUZINDA WANGU PASI. ASI ZVOSE
IZVI ZVISATI ZVAITIKA, PACHAVE
NENGUVA DZEKUTAMBUDZWA
PASI ROSE ZVINOPFUURA
ZVAMAKAMBONZWA KANA
KUONA.

MATEU 10:22, 24:2,5-9, 21, 27-31; RUKA 19:43-44, 21:8;
JOHANE 11:49-53; ZVAKAZARURWA 2:10



ISHE,
MARITA
WANDITUMA
KUZOKUSHEVEDZAI,
HANZI SUNUNGUKAI
KUZOGARA
KUMBA KWAKE.
MUJERUSAREMA
MASHATA NOKUTI
VAZHINJI HAVASI
KUFARA NOKUMUTSA
KWAMAKAITA MAMBO
WANGU KUVAFI.
MUNGALYA
MUKAZOGARA
NESU HERE?


TINOFARA
KUZOGARA NEMI,
NDICHAFARAWO
KUVAONA ZVEKARE
NGLIVA YANGU
YOKUEDZWA ISATI
YASVIKA.



NDIJESU
NEVADZIDZI
VAKE.


ISHE,
MUSHA WANGU
NDEWENYU,
SUNUNGUKAI
KUPINDA
MUZORORE..

SHAMWARI YANGU
RAZARO, WATSVINDA KUDARIKA
PANDAKAPEDZISIRA KUMUONA.
ZVINOFADZA KUKUONERA
KUNO KUMBA KWAKO PANE
KUBWIRO KWAWAIVA.



TAKUGADZIRIRAI
KAMUTAMBO
KEMABIKO, UYE
VANYARIKANI
VATOKOKWA.


ISHE NDIMI
KUMUKA
NOUPENYU.



ISHE, NDANZWA
NEVANHU VAKAVIMBIKA
KUTI MAJUDHA ANODA
KUKUPAMBAI NECHISIMBA
OZOKUPARADZAI.

NDAKALIYA
PASI KUZOFIRA NYIKA.
VACHANDIKANDA MUTIRONGO,
NOKUNDIURAYA PAMUCHINJIKWA
ASI NDICHAMUKA KUVAFI
NEZUVA RETATU.

MATEU 20:19, 26:2;
JOHANE 12:1-2, 14:6



IMI
NDIMI KUMUKA
NOUPENYU, UYO
UNOTENDA MAMURI
HAANGATOMBOFI.

MARIYA,
ZVINONHUWIRA
ZVAUNAZVO
NDEZVEIKO.






ISHE, NDI MI
KUMUKA NOUPENYU.
CHERO MUKAFA
ASI MUNORARAMA
ZVEKARE.



NHAI MARIYA,
ZVINONHLUWIRA IZVOZVO
HAZVIKOSHI MADHORA
ANODARIKA CHIURU HERE,
UNOZVITAMBISIREIKO?

ARIKUZODZA
ISHE WANI.

ASI INOGONA
KUTENGESWA MARI
YACHO IGOPIHWA
VAROMBO.




MARIYA
AKAPLUKUTA
MAKUMBO AJESU
NEVHUDZI RAKE.

MUSIYEYI
AKADARO,
AZVIITA IZVI
NOKUDA KWERUFU
RWANGU
RWUNOLUYA.



ANOREVEI PAANOTI
NOKLIDA KWOKURADZIKWA
KWANGU?

ANOTI
ACHAURAWA. ASI
HAAREVI KUURAWA
KWOKLITOFAZVE?



NDAKAKUUDZAI
KUTI MUFUDZI AKANAKA
ANODURURA HUPENYU
HWAKE, ACHIITIRA MAKWAI
AKE. NDICHARAMBWA,
NDIGOURAWA NOKUVIGWA,
ASI NEZUVA RETATU
NDICHAMUKA ZVEKARE.


MARIYA ARIKUGADZIRIRA
MUVIRI WANGU PANDINOZOVIGWA.
NGUVA YANGU YASVIKA,
NGUVA YOKUTI NDIKUDZWE.
HANDEI KUJERUSAREMA
KWAZVICHANOITIKIRA.

MATEU 20:19;
JOHANE 10:11, 12:3-8




**ISHE,
JERUSAREMA
YOSE
YAKAMIRIRA
KUKUONAI.**

**ENDAI
MUNONDITORERA
MBONGORO
YOKITASVA TIENDE.
TICHAENDAKO
KUJERUSAREMA
KOKUPEDZISIRA.**



ISHE, ZVIURU
ZVAKAKUMIRIRAI KUTI
MUPINDE MUJERUSAREMA.
VANODA KUKUGADZAI
MAMBO.

VACHANDIRAMBA,
VONDIURAYA,
ASI NDICHAMUKA
NEZUVA RETATU.



HAVO,
MAMBO
WAVAJUDHA.

WAKAROPAFADZWA
LIYO ANOLUYA
NEMUZITA
RAMAMBO.

NGAAKUDZWE
MWANAKOMANA
WADHAVHIDHI.



VHURIRAI NZIRA
KUNAMAMBO
WAIZIRAYERE.

NGAVAKLIDZWE
MWARI.

MUPONESI
AKAVIMBISWA.



VANHU
VANOMUTI MAMBO
WAVAJUDHA.

MWANAKOMANA
WADHAVHIDHI
TIDZIKINUREWO.

VANOFUNGA KUTI
NDIYE MUPONESI
AKAVIMBISWA.

SEI ARIKULIYA
KUTEMBERI?
HAAZIVE HERE KUTI
HUPENYU HWAKE
HURI MUNJODZI.



VACHIRI KUSVIBISA
IMBA YAMWARI. UNOITA
KUNGE MUSIKA, IYO IRI
IMBA YOKUNAMATA.

NDINOGONA
KUKUTENGESERA ICHI
NOMUTENGO WAKANAKA.
YAKATONZI YAKANAKA
KANA UCHIDA KUPIRISA.



KWETE, KANA
UCHIDA MUTENGO
WEMARI URINANI, TSVAGA
HAKO KUMWE. UYU
NDOWANDINOKWANISA.

MATEU 21:11-12

JESU WAKAZVIITA ZVEKARE,
AKADZINGA MBAVHA
NEMAKORORO KUBVA
MUTEMBERI.

BUDAI MUMBA
MABABA VANGU
NEMIDZIYO YENYU
YAMUNOTENGESA
IMI MBAVHA
NEMAKORORO.

PWAKA KUPWANYIKA!

MUNOUYA
MUNO KUZOITA
MARI MUCHIBIRA
AVO VALIYA
KUZONAMATA. ENDAI
KUGEHENA IMI
NEMARI YENYU.

NGWARIRA!






ISIMBA
RAANI RAURI
KUSHANDISA
APA?

**BWAGA
BWAGA...**

**PWAKA
KUPWANYIKA!**


UNOZVIITA
ANI CHAIZVO
IWE!

MUSAITE
IMBA YABABA
VANGU, IMBA
YEMBAVHA.



ISHE, VAFARISE
NEVAPIRISTA VATUMA VASORI
KUZOTAPA MASHOKO ENYU. PANE
RUNYEREKUPE RWEKUTI VANODA
KUKUISAI MUTIRONGO TISATI
TAPINDA MUPASEKA MUMAZLIVA
MASHOMA.

MUNOZIVA HERE
ZVAZVINOREVA KUTI ACHENESA
TEMBERI MUSHURE MOKUPINDA
KWAKE MUJERUSAREMA
ACHIPEMBERERWA.




NDAKAKUUDZAI WANI
KUTI VACHANDITAMBUDZA
VOZONDIURAYA, ASI
MUSHURE MEMAZUVA
MATATU NDICHAMUKA
KUVAFI.

HONGU, CHIPOROFITA
CHINOTI "SHUNGU NEIMBA YAMWARI
ICHAMUSVOSVA" UYE KUTI "UCHAKASIKA
KUYA KUTEMBERI." IZVI ZVINORATIDZA
KUTI NDIYE MUPONESI.


ANOFANIRA
KUDZIVISWA PASEKA ISATI
YAITWA. TINE MUTENGESI
WEDU PAVADZIDZI VAKE.

MAPISAREMA 69:9;
MATEU 21:12-13

REGAI NDIKUYAMBIREI,
MUSHURE MOKUNGE
NDAENDA, MUCHAISWA
MUTIRONGO, VAMWE VENYU
MUCHAROHWA LIYE VAMWE VENYU
MUCHAURAWA. MUCHAPUPURA
ZVORUDO NESIMBA RANGU
PAMUNOMIRA MBERI KWEVATONGI.
NDICHAISA MASHOKO ANGU
MUMUKANWA MENYU. VANA
VACHAPUPURA VACHISUNGIRIRA
VABEREKI VAVO, VABEREKIWO
VACHAPUPURA VACHISUNGIRIRA VANA
VAVO. MUCHAVENGWA NOKUTI
MUNONDIZIVA. VAPOROFITA
VENHEMA VAZHINJI VACHAMUKA
VACHINYEPERA KUNDIMIRIRIRA.
MWEYA MUTSVENE
ACHAMIRA NEMI.




ISHE,
CHIRATIDZO CHIPI
CHAMUNOTIPA
CHINORATIDZA
PAMUNODZOKA,
LIYE MAGUMO
ENYIKA.



ISHE,
CHIRATIDZO CHIPI
CHAMUNOTIPA
CHINORATIDZA
PAMUNODZOKA, UYE
MAGUMO ENYIKA.


KANA VANHU VAKATI NDICHADZOKA NENGLIVA YAKATI,
KANA KUTI PANZVIMBO YAKATI, MUSAVATENDE,
SEKUPENYA KWEMHENI, NDOMADZOKERO ANDICHAITA.
TENDEKAI KWANDIRI KUTI KUMAGUMO MUSAZOTONGWA
SEZVICHAITWA VATADZI. TARIRAI NOKUTI HAMUZIVI
NGLIVA KANA MUSI WANDICHADZOKA.

SEPAMAZUVA ANOWA,
NDOZVAZVICHAVA PANDICHADZOKA.
VANHU VAIKUDZA MAFARO VASINGAZIVI
KUTI VARI MUNJODZI, KUSVIKA ZUVA
IRO PAKALIYA DUTU RIKAVAEREDZA.
NDICHALIYA SEZVINOITA MBAVHA
USIKU.



VARUME
VAVIRI
VACHANGE
VACHISHANDA
MUMUNDA,
MUMWE
ACHATORWA
KUNOSANGANA
NENI, MUMWE
ACHISARA.

MADZIMAI MAVIRI
ACHANGE ACHIKUYA PAGUYO,
MUMWE ACHATORWA MUWE
ACHISARA. TARIRAI NOKUTI
NDICHALIYA MUSI NENGLVA
YAMUSINGAFUNGIRE.



ISHE,
NDICHAMBOENDA
KUNOONA MUMWE
MURUME KUGUTA,
NDICHADZOKA
MUSHURE
MECHINGUVA.

ENDA
JUDHASI UNOITA
ZVAWARONGA.



KANA MUKANDIPA
MUBAIRO WAKANAKA,
NDICHAISA JESU
MUMAOKO ENYU.

ASI HAUSIWE
HERE JUDHASI,
MUMWE
WEVADZIDZI
VAKE?

HONGU
NDAKAMUTEVERA
KWEMAKORE MATATU, ASI
KWETE HANDICHADI NEZVAKE INI.
ANOTAIURA ZVISINA MATURE,
LIYE NDINODA KUSHANDISA
MARI YAMUCHANDIPA.

NGUVA
YASVIKA YOKUTI
NDICHIKUDZWA. KANA
MHODZI IKASADYARA
MUVHU MAINOFA,
INORARAMA IRIYOGA,
ASI KANA IKAFU,
INODYARA DZIMWE
DZAKAWANDA.



MATEU 26:14-16; MAKO 13:5-13; RUKA 17:26-37;
JOHANE 12:23-24; 2 PITA 3:10

MWEYA WANGU
URIKUSHUNGURUDZIKA. NDOTI KUDII,
"BABA, NDISUNUNGUREI KUBVA PANGUVA
IYI"? KWETE, NOKUDA KWEBASA IRI
NDAKALIYA PASI PANO.





BABA, KUDZAI
ZITA RENYU.



**NDATORIKUDZA,
LYE NDICHARIKUDZA
ZVEKARE.**

**MWARI
VATAURA
NAYE.**


**ZVANGE
ZVIINE
MUTINHIMIRA
SEMHENI.**

**NGIROZI
YATAURA
NAYE!**

IZWI IRI RABURUKIRA
IMI KWETE INI. YAKWANA NGUVA
YOKUTI SATANI ACHIKURIRWA,
PANDICHASUMUDZWA
PAMUCHINJIKWA NDICHAKWEVERA
VANHU VOSE KWANDIRI.


TINOZIVA KUTI
VAPOROFITA VAKATI
MUPONESI ACHAGARA
NOKUSINGAPERI, IWE
UNOTI UCHAFU, SAKA
NDIIYANI MUPONESI?






MUCHAVA NECHIEDZA
KWENGLVA PFLUPI INOLUYA.
TENDAI KUCHIEDZA MUCHINACHO
KUTI MUVE VANA NAMWARI.

ANOTALURA
ZVISINA
MATURO
KWANDIRI.



KANA
MUNHU
AKANDIRAMBA
NEMASHOKO ANGLU,
ANENGE ACHIRAMBA
MWARI. NDINI
CHAEDZA CHENYIKA,
KANA UKATENDA
MANDIRI HALINGAFAMBI
MURIMA, ASI UNOVA
NOLPENYU
HUSINGAPERI.

JOHANE 12:27-36




CHIKAMU 11

PASEKA

NEKUTAMBUDZWA



ENDAI
MUNOGADZIRA
CHIDYO CHEDU
CHEPASEKA.



NDINOSHUVIRA
KUDYA CHIDYO ICHI NEMI
NDISATI NDATAMBUDZWA.
HANDICHACHIDYE ZVEKARE
KUSVIKA UMAMBO
HWAMWARI HWALIYA PANO
PASI, APO PAMUCHAZODYA
MAKAGARA NENI PATAFURA.
MUCHATONGA NDUDZI GUMI
NEMBIRI DZAIZIRAYERE
MAKAGARA PAZVIGARO
ZVOKUTONGA.

NDONOKUDZAI
ZVICHAITIKA ZVISATI
ZVAVEPO KUITIRA KUTI MUTENDE.
RUGWARO RWAKAPOROFITA
MUBHUKU RAMAPISAREMA
41:9, "UYO ANODYA MUNDIRO
IMWE NENI ANDISUMUDZIRA
CHITSITSINHO CHESHANGU
DZAKE." NDINOKUDZAI KUTI
MUMWE WENYU ANODYA
NENI PATAFURA INO
ACHANDIMUKIRA.

KWETE!

ZVAKARONGWA
KUTI ZVIDARO, ASI
DAMBUDZIKO KUNE
LYO UNOBATA
BASA IRORO.





ISHE, NDINI
HERE? HANDIDI
KUKUPANDUKIRAI.

ISHE,
HANDISIRINI,
KUTI NDINI?

ISHE,
HAZVIGONI KUTI
NDIKUPANDUKIREI.

LUKA 22:8-23



ACHADARO
MUMWE WENYU
ANONYIKA RUOKO
RWAKE NENI
MUNDIRO IYI.



TOSE
TANYIKA
CHINGWA CHEDU
MUNDIRO IYI.

JOHANE WAKAZEVEZERA
ACHIBVUNZA KUTI NDIYANI
WAIZOMUPANDUKIRA.
JESU AKAPINDURA CHITI
"NDEUYO WANDICHAPA
CHINGWA ICHI MUSHURE
MOKLINGE NDACHINYIKA."



ISHE,
NDINI
HERE?

IWE
NDIWE
WADARO.

JESU WAKANYIKA
CHINGWA NDOKUCHIPA
KUNA JUDHASI.



IZVO
ZVAWARONGA
KUITA, ITA
NOKUKASIKA.




MATEU 26:23-29;
JOHANE 13:26-30

ANOENDEPIKO
JUDHASI?

PANE KWAATUMWA NASHE,
SEZVO ARIYE MUBATI
WEHOMWE, PAMWE ARIKUNOPA
VAROMBO RUBATSIRO.






YAKWANA NGLIVA
YOKUTI NDIKUDZWE
IMI VANA VADUKU.
HANDICHAZOVI NEMI
KWENGLIVA NDEFU.

HAMUGONI KUENDA
KWANDINOENDA.
NDAKUPAI MURAIRO
MUTSVA, IVAI NORUDO
PAKATI PENYU. NECHINHU
ICHI VANHU VOSE VACHAZIVA
KUTI MURI VADZIDZI
VANGU.

ZAKARIYA WAKAPOROFITA
NOKUDA KWENGLIVA INO
PAAKATI, "NDICHAROVA MUFUDZI,
MAKWAI AKE OPARARIRA."
MUSHURE MOKUNGE NDAMUTSWA
KUVAFI NDICHATUNGAMIRA
KUENDA KUGARIREYO. MOSE
MUCHANDIRAMBA HUSIKU
HWANHASI.



ISHE,
NYANGWE VOSE
VAKAKURAMBAI INI
HANDIITI CHINHU
CHAKADARO.

PETURU,
UCHANDIRAMBA
RUTATU, JONGWE
RISATI RAKUKURUDZA
RUVIRI.



NDINOFA
NEMI NDISATI
NDAKURAMBAI.

HAPANA NZIRA
YANDINGAMBOKURAMBAYI.

CHERO
VAKANDITAMBUDZA
HANDIKURAMBEYI.



MAGWARO AKAJEKA:
MOSE MUCHANDIRAMBA.
ISAYA WAKAPOROFITA ACHITI,
"WAKABATWA SEMUTADZI."

PETURO,
KANA WADZOKERA
PAKUTENDA SIMBISA HAMA
DZAKO PAKUTENDA.



MAKAROPAFADZWA
ISHE NAMAMBO
VEPASI ROSE,
MUNOTIPA
CHINGWA KUBVA
MUVHU.

ICHI CHINGWA
CHINOMIRIRA
MUVIRI WANGU
UNOPIHWA IMI.
NDIRANGARIREI
POSE PAMUNODYA
PASEKA.


MATEU 26:33-35; JOHANE 13:31-38;
1 VAKORINDE 11:24-25



MUVIRI WANGU
UNOPARADZIRWA
IMI.



TORAI MUDYE
CHOSE.




MUKOMBE
WEWAINI UYU
UNOMIRIRA SUNGANO
ITSA IRI MUROPA
RANGU, UNODURLURIRWA
ZVIVI ZVENYU.



GOVERANAI
PAKATI PENYU MUNWE
YOSE. HANDICHANWI
ZVAKARE CHINWIWA
CHEMAZAMBERINGA ICHI
KUSVIKA NDAZOINWA
ZVEKARE MUMAMBO.


MUMAZUVA
ANOTEVERA MUCHAITA
IZVI MUCHINDIRANGARIRA
KUSVIKA PANDINODZOKA
ZVEKARE.





MUSASHUNGURUDZIKE
KANA KUTYA KUBVA
PANE ZVANDAKAKUUDZAYI.
MUMBA MABABA VANGU
MUNE DZIMBA DZAKAWANDA
DZOKUGARA. PANDICHAENDA
NDICHANOKUGADZIRIRAI POKUGARA,
ASI NDICHADZOKA NDOKUTORAI
KUTI MUVE NENI.

JOHANE 14:1-3; 1
VAKORORINDE 11:24-26



ASI ISHE, HATIZIVI
KWAMUNOENDA, SAKA
TINOZIVA SEI NZIRA
YEKWAMUNOENDA?




MUNOZIVA NZIRA, NDINI
NZIRA ZVOKWADI NEUPENYU.
HAKUNA UNGAUYA KUNA BABA KUNZE
NEMANDIRI. KANA UKAZIVA INI
WAZIVA MWARI, UYE WAMUONA.



ISHE, TIRATIDZEI
BABA, TINOBVA
TAGLUTSIKANA.

NHAI FIRIPI, WANGA
UNENI NGLUVA YOSE IYI
ASI UNOTI HAUNDIZIVI?
KANA WAONA INI WAONA
BABA NOKUTI INI NABABA
TIRI VAMWE.



HANDIKUSIYEYI
MURI MOGA.
NDICHADZOKA ZVEKARE
KWAMURI. NYIKA HAICHANDIONA
ZVEKARE. NDICHATUMIRA MWEYA
MUTSVENE UCHAGARA MAMURI
ACHIKUNYARADZAI. UCHANGE URI
MAMURI ACHIKUTUNGAMIRAI
NOKUTUNGAMIRAI
KUZVOKWADI YOSE.

KANA MUCHINDIDA,
CHENGETEDZAI MIRAIRO
YANGU. NDICHAKUPAI
RUNYARARO RUSINGATORWE
NENYIKA.



KANA MUCHINDIDA
MUCHAPEMBERA NOKUFARA
NOKUTI NDINODZOKERA
KUNABABA. NDAKUUDZAI
ZVINHU IZVI ZVISATI ZVAITIKA
KUTI MUTENDE.

SIMUKAI, NGATIIMBE
RWIYO TOZOENDA KUBINDU
KUNONAMATA.




JESU NEVADZIDZI VAKE
VAKAIMBA RWIYO RWLUME
KOKUPEDZISIRA.

MATEU 26:30; JOHANE 14:5-10, 15, 25-30

NDITEVEREI
MAKANYARARA,
TIDZOKERE
KUNZVIMBO YEDU
YEKUNYENGETERA.





MUSABATI KENI
NOKUTI NDATI MUCHINGUVA
CHIPFUPI NDIBVASWA
KWAMURI, NOKUTI
NDINODZOKA ZVEKARE
NOKUKASIKA.

CHERO MUKACHEMA
KWECHINGUVA, KUCHEMA
KWENYU KUCHASHANDURWA
NOMUFARO MUKURU.
NDINO BVA KUNANA BABA,
UYE NDINODZOKERA
KWAVARI.

TAKUTENDA,
IKOZVINO
WAKUTAURA
ZVAKAJEKA.

MUNOTENDA
HERE? MUCHINGUVA
CHIPFUPI, MOSE MUCHANDITIZA
MUGOPARARIRA KWOSE KWOSE.
GARAI PANO, NDICHAMBOENDA
PAMBERI ZVISHOMA
KUNONYENGETERA.

BABA, NGUVA YASVIKA,
NDAPEDZA BASA RAMAKANDITUMA.
CHINDIKUDZAI NORUKUDZO
RWANDAKANGE NDIINARWO NYIKA
ISATI YAVAPO. NDAKAVADZIDZISA
NEZVENYU, VAKAGASHIRA MASHOKO
ENYU. NYIKA ICHAKUVENGAI,
YAKANDIVENGA NOKUTI NDINOVAUDZA
ZVOKWADI PAMUSORO PEZVIVI ZVAVO.
HAVASI VEPASI PANO. HANDINAMATE
KUTI VABVISWE PASI PANO, ASI
KUTI MUVACHENGETE KUBVA KUNE
WAKAIPA.



NDINONYENGETERERA
VOSE VACHAGAMUCHIRA IZWI
RENYU KUBURIKIDZA NEUCHAPUPU
HWAVO. NDINOSHUVIRA KUTI
PASHAIKWE ANORASHIKA PAKATI
PAVO SOKUMIRA KWAMUNOITA
NENI. BABA NDINOTI RUDO
RWAMAKANDIDA NARWO RWUVE
KWAVARI, UYE MAVARI.



MWEYA
WANGU URI
KUSHUNGURUDZIKA
KUSVIKA PARUFU.

MATEU 26:31, 38;
JOHANE 16:19-20, 17:1-10



BABA, KANA
ZVICHIGONA, BVISAI
MUKOMBE LINEZVINOVAVA
UYU WANDINOFANIRA
KUNWA. ASI NGAKUSAVA
KUDA KWANGU ASI KWENYU.
NDICHALINWA KANA
NDICHIFANIRA.

JESU WAKALYA PANYIKA KUZOTAKURA
ZVIVI ZVENYIKA, ASI PAKAKWANA
NGLVA, WAKASVORA KUNYADZISWA
PAMUCHINJIKA NOKUTI WAIZOVA
CHIVI KUVANHU VOSE.




BABA, KANA
ZVICHIBVIRA BVISAI
MUKOMBE LIYU
KWANDIRI.



KWETE
KUDA
KWANGU, ASI
KWENYU.

JESU
WAKADIKITIRA
DIKITA REROPA.



PASINA NGLIVA,
NGIROZI
YAKAZVIRATIDZA
IKAMUSIMBISA.

IWE WAKARURAMA,
NGLIVA YAKO
YOKUTAMBUDZWA YASVIKA, ASI
MWARI ANEWE. DENGAROSE
RICHANGE RAKATARIRA ZUVA
RAMANGWANA PALCHATAKURA
ZVIVI ZVENYIKA YOSE.

TAIVAPO PAWAKASIKA
NYIKA, TICHANGE TIRIPO
PALCHAISUNUNGURA.




MAPISAREMA 23:5-6; RUKA 22:41-44; JOHANE 17:12; VAHEBHURI 6:6, 12:2

MANGWANA
SATANI
LICHAKUNDWA, UYE
MURIPO WECHIVI
LICHABHADHARWA.

ABHURAHAMU NEDENGA
ROSE KUPARADHISO VAKAMIRIRA
KULIYA KWAKO. VAKUGADZIRIRA
TAFURA PAMBERI PEVAVENGI VAKO,
MUKOMBE WAKO WAPFACHUKIRA.
ZVIROKWAZVO UNYORO NENYASHA
ZVICHANDITEVERA MAZUVA OSE, UYE
NDICHAGARA MUMBA MAJEHOVA
NOKUSINGAPERI.

MUKA, JUDHASI
MWANAKOMANA
WOKURASHWA AKULIYA
KUZOKUTENGESA.




BABA, NOKUDA
KWECHIKONZERO
ICHI NDAKALIYA
PANYIKA.




KO ZVAMARARA
MATADZA KURINDIRA KWEAWA
RIMWE CHETE ROGA HERE?
SIMUKAI, NDATENGESWA
MUMAOKO EVATADZI.



ISHE,
ZVAKANAKISA
KUKUONAI PANO, ASI
NDINOTYA NOKUTI
NDATEVERWA NEAVA.



JUDHASI,
UNONDITENGE
SA NOKUNDIT
SVODA
HERE?



JUDHASI,
URI
MUTENGESI
ANOMOYO
WAKASVIBA.

VAURAYE
KANA
VAKARAMBA
KUTEERERA.

MIRAI IPAPO!
NDIYANI
WAMLNOTSVAGA?

MATEU 26:40, 45-50; JOHANE 12:27, 18:1-4



JESU
WENAZARETA.

NDINI
WACHO.



TARIRA!
ANESIMBA
UYU!

MAUTO AITYA JESU,
NDOKUDONHERA
PASI NEGOTSI.



**NDELYO.
MUNOTYEI?
MUTOREI!**


*HAMUSI
KUZOTORA
ISHE WANGU.*





KWACHU!

MAI WEE!



**MIRA! HAKUCHINA
ROPA RICHADEURWA PANO.
DZORERA MUNONDO WAKO
PETURU MUBAKATWA RAKO.
DAI NDAIDA NDAIDAIDZA
NGIROZI ZVIURU GUMI KUTI
DZIZONDIBATSIRA. YAKWANA
NGUVA YERIMA GURU.**

**ADAMBURA
NZEVE
YANGLU!**

MUNOUYA KWANDIRI
NEMINONDO SOKUTI NDIRI
MUPARI WEMHOSVA. NDAIVA
NEMI MUTEEMBERI, SEI MUSINA
KUNDIRIBATA? REGAI NDIKUUDZEI
CHIKONZERO CHAZVAKAITIKIRA.
KUTI MAGWARO
AZADZISWE.






**MWARI
NDIBATSIREI.**



APO. WANAKA
SEKUNGE USINA
KUMBODAMBURWA
NZEVE.



NDINI
WAMUNODA. HATISI
KURAMBA KUSUNGWA.
TORAI INI MUSIYE AVA
VACHIENDA.



LIYU
MUNANA CHAIWO!
APORESA NZEVE
YANGU! APORESA
NZEVE YANGU!




**VABATEI!
VABATEI VOSE!
NGAPASHAIKWE
ANOTIZA!**

NGATICHIENDA!

**VADZIDZI VOSE
VAKATIZA NOUSIKU.**

**MATEU 26:52-57; MAKO 14:51-52;
RUKA 22:50-51**



RAMBA
UCHIFAMBA;
VANODA KUPEDZA
NYAYA IYI VANHU
VASATI VAZIVA.

VAKAENDA NAJESU KWAIVA
KUNE ZVAPUPU ZVAVO
NEVAPIRISITA.


VANONDIUDZA
KUTI IWE UNOTI NDIWE
MUPONESI UYE KUTI
MWARI NDIBABA VAKO.
UNOTI HAUBVI PASI PANO,
SAKA UNOBVEPI.

ND Aidzidzisa
MUTEMBERI
NEMUMASINAGOGI, HANDINA
KUMBODZIDZISA MUCHIVANDE.
SEI MUCHINDIBVUNZURUDZA,
BVUNZAI AVO VAINDINZWA
NDICHIDZIDZISA. VANOZIVA
ZVANDAKATAURA.





CHIBHAKERA..




HAIGONI
KUPINDURA
MUIPIRISTA MUKURU
NENZIRA IYOYO.

KANA
NDATAURA
ZVAKAIPA PUPIRAI
KUNE ZVAKAIPA
ZVANDATAURA.
KANA NDATAURA
ZVAKANAKA, SAKA
UNONDIROVEREI?



PINZAI ZVAPUPU
ZVINOPIKISANA
NEMURUME UYU.


JOHANE 18:19-23



AKATI ACHAPUTSA
TEMBERI IYI OZOIVAKA
MUMAZUVA MATATU
ASINGASHANDISE
MAOKO AKE.

KWETE,
AKATI KANA
PANE APUTSA
TEMBERI IYI, IYE
ACHAIVAKA.

IWE WAKANGE
USIKO. NDAKANZWA
ZVAAKATAURA, AKAZVINONGEDZA
PAAITaura NEZVEKUPUTSA
KWETEMBERI. NDINOFUNGA
AITaura NEZVEKUPARADZWA
KWEMUVIRI WAKE.



NDEZVEKUPENGA
IZVO, ANGAUMBE
MUVIRI WAKE
MUMAZUVA
MATATU SEI?

HANDIZIVI KUTI
LINGAVAKE TEMBERI
MUMAZUVA
MATATU SEI?




HALVANZWI
VACHIKUPOMERA
MHOSVA HERE?
UNOZVIMIRIRA
UCHITI KUDII?




JESU AKARAMBA
AKANYARARA.

*BENZI
RINORAMBA
RAKANYARARA.*



NDINOKURAIRA NAMWARI
MUPENYU KUTI UPINDURE,
NDIWE HERE MUPONESI,
MWANAKOMANA WAMWARI.

NDINI MWANAKOMANA
WAMWARI, MUCHANDIONA
NDAKAGARA KURLUYI RWABABA,
UYE MUCHANDIONA NDICHADZOKA
PANO PASI NDAKATASVA
MAKORE EDENGA.



HATICHADI HUMWE
HUCHAPUPU, TAZVINZWIRA
NENZEVE DZEDU. ANOMHURA
MWARI ACHITI NDIYE
MWANAKOMANA WAMWARI.
AKAFANIRWA NERUFU.

MUVHAREI
KUMESO TIONE
KUTI MUPOROFITA
WERUDZII.

MUPIRISITA
AKABVARURA NGLUWO
DZAKE SECHIRATIDZO
CHEKUGUNUN'UNA
KUKURU NEZVAINGE
ZVATAURWA NAJESU.

MATEU 26:59-65



TARIRAYI
MUONE KUTI
ANOPOROFITA
HERE?

MUROVEI!
AKAURAYA
BHIZIMISI RANGU
MUTEMBERI.

NGAAITE
MUNANA
TIONE.



**MUROVEYI
ZVEKARE!**


**MBAMA
WATSU..**

TARIRAI
MUONE, HAANA
KANA SIMBA
ROSE LYU.

CHAMBOKO PWAA..

POROFITA
LTIUDZE
KUTI NDIYANI
AKUROVA. KO
ZVATAIFUNGA
KUTI NDIWE
MUPOROFITA.


PORESA
MARONDA
AKO. TIRATIDZE
MUNANA.



NDAKUZIVA IWE,
NDAIKUONA UCHIFAMBA
NAJESU. URI MUMWE
WEVADZIDZI VAKE IWE.

PETURU
WAIFAMBIRA
KURE
ACHITEVERA
JESU, PANZE
PEMBA
YEMUPIRISITA
MUKURU.


HANDIMUZIVI JESU,
NDATI NDINGOONAWO
ZVIRIKUITIKA.



INGA
NDAKLONA NAYE
MUBINDU WANI.
NDIWE MUMWE
WAVO IWE.

BHURURU, UNOPENGA
HERE IWE? INI
NDINOTOZVITAMBURIRWA
HANGU NDICHIREZWA HOVE.
HANDIMUZIVI MURLUME
ANONZI JESU UYU.

MATEU 26:67-70;
LUKA 22:64-65



LRI MUMWE
WAVO IWE.
NDAIKLONAI MURI
MOSE NGLIVA
ZHINJI.

HHHHH,
KWETE AMAI.
HANDISATI
NDAMBOMLUONA
MULPENYU
HWANGU.



**KU KU RIGO
RIGO RIGOO.**

JONGWE IRO
RATIKURUMIDZEI
KUKUKURUDZA
NHASI..

VAKUMUBURITSA.
ZVINORATIDZA KUTI
VAMUGADZIRISA.



VATI
VAKUMUENDESA
KUNE VATONGI
VEDZIMHOSVA
VANOMLITONGA.

**MUPEI CHIMWE
CHAMBOKO.**

PETURU
WAKANZWA
JONGWE
RICHIKUKURUDZA
AKARANGARIRA
MASHOKO
AJESU.

MUNOONA
KUTI VAKUKANDIRA
NYAYA YAVO KUNE
VAMWE, VACHIREGA
KUZVIPEDZERA
VOGA.

MATEU 26:71-75, 27:1-2;
RUKA 22:58-62, 23:1




**MUROVEI ZVAMBOKO
ZVIPFUMBAMWE.**

**NHAI MWARI
CHII CHANDAITA?
NDAMURAMBA
RUTATU, SOKUTaura
KWAAKAITA. SEI
ZVADARO VEDUWEE?
SEI ARIKUTAMBUDZWA
ZVAKADAI?**

**HANDEYI!
HATINA NGLIVA,
KWOBVA
KWOTOYEDZA.**

**BABA,
NDIPEIWO
SIMBA.**



UNODEI PANO?
HATINA KUKUPA ZVAKAKWANA
KUTI UTENGESE TENZI WAKO
HERE?

NDASHANDURA
MUFUNGO WANGU,
MUREGEDZEI AENDE,
NDOKUDZORERAI
MARI YENYU.

MARI YAKO YEROPA IYI HAINA KUCHENA;
HATISI KUZOIGAMUCHIRA. TENZI WAKO ACHAFU
ZUVA RANHASI RISATI RAVIRA. HAPANA CHALINGATYE
APA, TINODA KUTI UTIBATSIRE KUBATA VAMWE VAKE.



TORAI
MARI YENYU,
HANDICHAIDA.
HANDIGONI KUGARA
NEMHOSVA
YANGU.

NGWENHERE.. POVO..
NGWENHERE.. POVO..




BENZI
ROMUNHU.

MATEU 27:3-6

A man with dark hair, wearing a blue tunic and a green cloak, is running through a rocky, hilly landscape. He is looking back over his shoulder with a determined expression. The background features large, gnarled trees and a clear sky. A speech bubble is positioned above him, containing text in a stylized font.

HANDIGONI
KURARAMA
NEZVAKADAI.

A person wearing a green tunic and a red sash is climbing a large, gnarled tree. The background shows a landscape with rolling hills, green bushes, and a castle with a tower in the distance under a blue sky. A speech bubble is positioned in the upper left corner of the frame.


MWARI,
CHII CHAIZVO
CHIRIKUITIKA
KWANDIRI?

SEI
NDISINA KUGONA
KUZVIDZORA.
NDATUNGAMIDZA
RUCHIVA RWEMARI
MBERI KWANGU.




PAMWE RUFU
NDIRWO RUNGANDIPE
RUGARE.






NDAMUONA
ASI HAPANA
CHANDAGONA
KUITA KUNDI
NDIMUDZIVISE.

KURUMIDZA,
NGATIMUDONHEDZERE
PASI, PAMWE ACHIRI
MUPENYU.



PAVAIKWIRA MUTI, MWEYA
WAJUDHASI WAKANGE
WOTONYURA MUMARIMI
EMOTO EKUPARADZWA.




MUBATEI PAANODONHA,
ANGAWIRE KUMATERU
UKO.

MATEU 27:5



**ARIKURE
NENI UYU!**



ZVAVANYANGADZA
ZVE! APUTIKA
AKASHATISA MUNDA
WOSE!

OHHH!
ZVINORUTSISA
KUONA
ZVAKADAI.

IZVI ZVAKAPOROFITWA
ZVEKARE
NAVAPOROFITA.



NDIYANI WAMANDIUNZIRA
UYU, MUMWE MUPENGO? IBVA
NAYE PANO MUNOMUTONGA
MARINGE NEMIRAIRO YENYU.

ANOFANIRA KUFA,
DAI ZVISIZVO TISINA KUUYA
NAYE PANO. MAKATIBVISA
SIMBA REKUTAKA VANEMHOSVA
NEMABWE, SAKA TAYYA
KUZOPIHWA MVUMO
KUNO.

MHOSVA
YAKE
NDEYEYI?



ANOZVITI
NDIMAMBO.

URI
MAMBO
WEVAJUDHA
HERE?


ZVINO UMAMBO
HWANGU HAUSI HWEPASI
RINO, DAI HWANGA HWAKADARO,
VARANDA VANGU VAIZONDIRWIRA,
KUTI VANDICHENGETEDZE.

SAKA URI
MAMBO HERE?



NDAKALIYA PASI
PANO KUZOPLUPURIRA
KUZVOKWADI. VOSE
VAKAMIRA PACHOKWADI
VANOGAMUCHIRA
DZIDZISO DZANGU.





HAANA
MHOSVA YAAPARA
INGATONGERWE
RUFU. MUNODA KUTI
NDIITE SEI NAYE?

NGAALRAWE!
NGAALRAWE!

ENDAI NAYE
MUNOROVA.

ZEKARIYA 11:12-13; MATEU 27:8;
MAKO 15:14; RUKA 23:1-4;
JOHANE 18:29-38; MABASA 1:18



ZVAMBOKO
ZVINGANI?

HANZI TIMUPE
ZVAKAZARA
MAKUMI MATATU
NEZVIPFUMBAMWE.

REGAI TIONE
KUTI MUPARIDZI
UYU AKASIMBA
KUSVIKA PAPI.

CHAMBOKO CHAVO CHAINGE CHINE MUBATO WAKAVEZWA, WAKAREBA MAHINJI ANOSVIKA GUMI NEMASERE, WAKAPUTIRWA MUGANDA RINGAITE MAFITI MAPFUMBAMWE, CHIINE MATOMBO KANA KUTI MABHONZO KANA KUTI SIMBI YAKATESVERA PEKUPEDZISIRA.

YOWEE!

WEDZERA!

DZIRIPI
SHAMWARI
DZAKE
ZVINO?

HAASATI
AKUMBIRA
KUREGERERWA.

PWAKAA...

NDINOVIMBA
IZVI ZVICHAMUURAYA,
ZVICHAPARADZA BASA
NEMINANA YAKE YOSE.



MAKUMI MATATU
NESHANU

MAKUMI MATATU
NENHANHATU

MAKUMI MATATU
NENOMWE

MAKUMI MATATU
NESERE

MAKUMI MATATU
NEPFUMBAMWE

LUKA 23:11; JOHANE 19:1-2




**MUSANA
WAKE
WAPARARA!**

**NDANGA
NDAGARA NDICHIDA
KUROVA MAMBO.**




WAITI NDIRI MAMBO,
CHIMUPFEKEDZAI
MUCHEKA
WEMADZIMAMBO UYU.

MAMBO VANODA
NGUWANI
YEMADZIMAMBO.



HE HE HE!
IYI INGLIWANI
YAKAMUNAKIRA.

YOWEE!



HECHO,
CHIBATAI
TSVIMBO YENYU
IYI. HE HE HE!

NYATSOGADZIKAI
NGLUWANI YAKE
YELMAMBO IYI IMUFITE
ZVAKANAKA MUMUSORO
WAKE.



TINOKUGADZAI
MAMBO
WEPASI ROSE!

OHNNNNNN!



CHISUMUKA
UMIRE!

BATA
TSVIMBO
YAKO IWE
MAMBO.

HE HE
HE! TINOTI
MAKORE
MAZHINJI
KWALURI
MAMBO.

CHOKWADI,
KUSVIKA
MANHERU KANA
AINE MHANZA.


JOHANE 19:1-3



MAMBO
WEVAROMA
HAACHENGETE
NDEBVU SEIZVI.



HALONI KUTI IZVI
NDOZVINORATIDZA
HUMAMBO HWAKO
MANJE IZVI.



SEI
USINGAFARI;
HAUKUMBIRE
RUREGERERO
WAKAITA SEI
IWE?



TARIRAI
MAMBO
WENYU LIYO.


HATINA
MUMWE
MAMBO
KUNZE
KWAKESARI.

TARIRAI
MURUME
WAMANDIVIGIRA.
MUNODA KUTI
NDIITE SEI
NAYE?

**NGAALURAWÉ!
NGAALURAWÉ!**



MUNOGONA
KUMUTORA
MONOMLURAYA
MOGA. INI HANDINA
MHOSVA YANDAONA
PAARI!



UNOREVEI
KANA LICHITI
HAANA MHOSVA?
ARIKUZVITI NDIYE
MWANAKOMANA
WAMWARI.



MWANAKOMANA
WAMWARI? MUNZEI
MURUME IYEYE
KWANDIRI.

MAPISAREMA 22; ISAYA 50:6, 53:5,
7; RUKA 23:13-22; JOHANE 19:4-8



SAKA IWE NDIWE ANI?
SEI USINGANDIPINDURE?
HAUZIVI HERE KUTI NDINE
SIMBA ROKUKUURAYA?

LINGADAI USINA
SIMBA DAI VASIRI BABA
VANGU VARIKUDENGA
VAKAKUPA.



REGAI NDIKUUDZEI,
HAPANA MHOSVA
YANDINOONA MUMURUME
UYU, MUSUNUNGUREI.

KANA
LIKAMUSUNUNGURA,
HAUSI SHAMWARI
YAKESARI.

NGAALURawe!
NGAALURawe!

MUTOREI
MUNOITA ZVAMUNODA
NAYE. NDICHANYORA MAPEPA
ANORATIDZA MHOSVA YAKE. ASI INI
NDAGEZA MAOKO ANGU PAROPA
REMURUME AKARURAMA UYU.



**NGAAURAWE
MUNYENGERI
LYU!**

**MINANA YAKO
IRIPI ZVINO?**

MATEU 27:24; JOHANE 19:9-17



NDINOFUNGA
KUTI IKOZVINO
ACHIKWANA
MANJE.


NGONDO! **KWATARA!**



SIMUKA NDISATI
NDAKUTSEMURA
NAYO SHAMU IYI.

SVIKA PANO
IWE! MUBATSIRE
ATAKURE
MUCHINJIKWA
WAKE.

**KO SEI
MANONGEDZERA
INI?**




MHOSVA
YAKE
NDEYEYI?

INGA AIDA
VANHU VOSE
WANI?



JESU
VEDUWE!
TINE
UROMBO
LKURU.

VARANDAKADZI VEJERUSAREMA,
MUSANDICHEME INI, ZVICHEMEI IMI
NEVANA VENYU. ICHAKWANA NGUVA APO
AVO VARI MUJERUSAREMA VACHAHWANDA
VACHITYA VACHINAMATIRA RUFU.



JESU WAKATAKURA MUCHINJIKWA
WAKE KUENDA UKO
KWAAIZONOFIRA. PAIVA NEMBAVHA
MBIRI DZAINGE DZAKATAKURAWO
MICHINJIKWA YADZO MUZUVA IRO.

PAIVA NEVAZHINJI
VAIDA NEKUREMEKEDZA
JESU, ASI VAITYA
KUTAUVA NEZVAZVO.

MATEU 27:32; RUKA 23:26-33



TORA,
INWA
UNYARADZE
MARWADZO
AKO.

KWETE,
NDINOFANIRA
KUITA KUDA
KWABABA
VANGU.

ACHIRI KUFUNGA
KUTI NDIYE
MWANAKOMANA
WAMWARI.



MUTAMBANUDZEI.

HUNZAI
SANDO
NEZVIPIKIRI.





CHIMUBATAI
ZVAKASIMBA IKOZVINO.
ACHARWISA ZVAKASIMBA
PATICHAROVERA CHIPIKIRI
CHOKUTANGA. RAMBAI
MAKAMUBATA KUSVIKA
CHUPIKIRI CHAPINDA
PAKATI PEMABHONZO
NEDANDA.

**KWETE KANI!
MWANAKOMANA
WANGU!**

ВНАМЪ!

КАЧА! КАЧА!





MUNOFUNGA
KUTI SEI
ACHIZVITI
MWANAKOMANA
WAMWARI?

PANE NYAYA
DZEVIPOROFITA
ZVEKARE ZVINOTAURWA
NEZVAZVO, NDIYANI
ANGAZIVE?

MAPISAREMA 22;
ISAYA 53;
MATEU 27:33-34



BATISISA MAKUMBO
AYO ASINGAFAMBI-FAMBI.
ZVINOWANZOTORA NGUVA
KUTI CHIPIKIRI CHIPINDE
PAKATI PEMABHONZO.




MARIYA KANI,
HANDIFUNGI KUTI
NDINOKWANISA
KURAMBA
NDAKATARISA IZVI.

NDANGA
NDISINGAFUNGI
KUTI ZVICHASVIKA
PAKADAI.

***DHONZAI,
MAPENZI
EVANHU.***

NDIBATSIREWO,
NGURUVE DZEVANHU
DZIZERE NEUNYOPE.



BABA,
VAREGEREREIWO
NOKUTI HAVANA
CHAVANOZIVA.

TOSE
TAMURASA.

JOHANE,
ZVAKANAKA KUTI
URIPANO. HAPANA
CHAKAMBONAKA
PANO.

ZEKARIYA 13:6;
LUKA 23:32-34



PANO
PANE MBATYA
DZAKE. INI
NDICHANGOTORA
IMWE CHETE IYI.

HAZVIITE IZVOZVO,
NGATIITSEMURIRANE
PAUNA HWEDU.

HAZVIITE
KUITSEMURIRANA,
YAKARUKWAKA IYI.

SAKA
NGATIKANDE
MUJENYA PANE
IYI.

MAGWARA AKANGE ATAIRA
KUTI VAIZOTSEMURIRANA
IMWE CHETE VOKANDA
MUJENYA PANE IMWE YACHO.



UNOBATA
MUJENYA
NDIYE
UNOTORA
ZVOSE.

TARIRA
RIYO, PANE ROPA
RAKUKUDONHERA IRO.



AKAPONESA
VAKAWANDA ASI
IYE HAACHAGONI
KUZVIPONESA.

IWE JESU, WAKATI
UCHAPUTSA TEMBERI OGOIVAKA
MUMAZUVA MATATU. DZIKAZVE
PAMUCHINJIKWA IPAPO
UZVIPONESE.

NGAADZIKEZVE
IYE MUPONESI
PAMUCHINJIKWA
AZVIPONESE
TIGOTENDA
KWAARI.

TSOTSI!

AIVIMBA NAMWARI
KUTI UCHAMUPONESA.
NGAACHIKUBATSIRAKA
SEZVO WAIVIMBA
NAMWARI.

MAPISAREMA 22:18; MATEU 27:39-43;
JOHANE 19:23-24




CHINWA
IZVI, UNYARADZE
MARWADZO AKO.

KWETE.



KANA LRI
MWANAKOMANA
WAMWARI DZIKA
PAMUCHINJIKWA
TIURAYE VAROMA
VASHOMANENE.

SEI UCHITSIDZA
ZVAKADARO?
HAUYI MWARI
HERE, IWE
WAKATARISANA
NORUFU KUDAI?



ISU
TAKAFANIRA
NEMHOSVA DZEDU
ASI LIYU JESU HAANA
CHAAKATADZA.

JESU,
NDIRANGARIREWO
PALINOPINDA
MUMAMBO
HWAKO.



NHASI UNO,
LICHANGE UNENI
MUPARADHISO.



JOHANE,
CHENGETA MAI
VANGU AVO.

NDICHAITA
SOKUDARO.

NHAI JESU,
WADARIREIKO?

MAPISAREMA 69:21;
LUKA 23:36-43; JOHANE 19:25-27



APO JESU WAIVE PAMUCHINJIKWA
DENGA RAKAITA DIMA GURU SOPAKATI
POLSIKU KWEMAAWA MATATU. YAKAVA
NGUVA YEDIMA GURU. JESU KIRISITU
WAIFIRA ZVIVI ZVENYIKA YOSE.

PAKAWIRA UREMU
HWECHIVI PAMUSORO
PAJESU AKASHEVEDZERA



MWARI WANGU,
MWARI WANGU
MANDISIYIREIKO.

MWARI WAKAMHITA CHIVI NOKUDA KWEDU.

MATEU 27:45-50;
LUKA 23:44-46;
JOHANE 19:30; 2
VAKORINDE 5:21

BABA,
MUMAOKO ENYU
NDINOISA MWEYA
WANGU.

ZVAPERERA!

NHAIWE
JOHANE,
WAKUFAKA UYU,
WAKUFA UYU!

AKABVA AFA




CHIRIPO-RIPOTYO KWAKAVA
NEKUNDENGENYEKA KWENYIKA.

NDIJESU,
MAMBO
WEMAJUDHA.
AIVA MUBATI
WEMINANA.

CHII
CHIRIKUMBOITIKA?
PAKITANGA DENGA
RAITA DIMA GURU,
IKOZVINO KWAVANE
KUDENGENYEKA
KWENYIKA.


HAASI KUITA
MINANA IZVOZVI.
WAFU.





KWAKUCHENA
ZVEKARE. NHASI IZUVA
RIZERE NEZVISHAMISO.


CHOKWADI,
ZVIRIKUITIKA
MUSHURE MORUFU
RWAKE.



CHOKWADI
LIYU WAKANGA URI
MWANAKOMANA
WAMWARI.

TATUMWA KUTI TITYORE
MAKUMBO AVO. VANODA
KUTI VAFE KUTI VAGOBVISWA
PAMICHINJIKWA SEZVO MANGWANA
RIRI ZUVA RAVO DZVENE.

ZVAINGE ZVAKAPOROFITWA KUTI
ACHAFIRA PAMUCHINJIKWA,
UYE KUTI HAPANA BONDO
RAKE RAIZOVHUNWA.
IZVI ZVAZADZISWA.




HAPANA CHIKONZERO
CHEKUTYORA MAKUMBO UYU NOKUTI
WATOFA IZVOZVI. MUNOZIVA ZVAAKATAURA
ASATI AFA HERE? AKATAURIRA BABA VAKE
KUTI VATIREGERERE NOKUMUURAYA
KWATAITA. VANOTI AIVA MUNHU
AKARURAMA AITA MINANA.



PWAKA...


**MAPISAREMA 34:20; ZEKARIYA 12:10;
MATEU 27:54; JOHANE 19:31-37**

**SAKA MAUTO AKAPFUURA
PAIVA NAJESU AKANOTYORA
MAKUMBO EMBAVHA.**




CHERO
HAVO VASINA
KUZOTYORA
MAKUMBO AKE.

MARIYA,
NDICHATSVAGA RUBATSIRO
RWOKUMUGADZIRIRA KUTI
AGORADZIKWA.



SABATA INOTANGA
KUCHANGOVIRA, SAKA NGLVA
DZAPERERA. VACHATOKASIRA KUTI
AGOVIGWA NGLVA DZICHIPO.



SABATA
ICHATANGA
ZVINO --ZVINO.
NGATIMURADZIKE
MUBWIRO
RANGU IDZVA.

JOSEFA, AIVA ARI
MUPFUMI, ASI
ASIRI PACHIKWATA
CHEVADZIDZI VAJESU
GUMI NEVAVIRI.
WAKAPA GLVA
RAKE KUTI JESU
AGOVIGIRWAMO.

TINOTENDA
NORUDO
RWAKO JOSEFA.
LURI SHAMWARI
YAKANAKA.



CHIKAMU 12
KUMUTSWA KUNAFI
NEKEREKE
YOKUTANGA



KASIRAI,
KWAKUSVIBA.

MUNOZIVA KUTI
WAKATIUDZA RUSINGAPERI KUTI
IZVI ZVICHAITIKA. HANDIZIVI KUTI
SEI ZVAKADARO, ASI UNENGE
WAIDA KUFA NENZIRA IYI. WAIZIVA
NGUVA NEZVOSE ZVAIZOITIKA.
CHERO MADEKO CHAIYE
AIZVITALURA.



HATINA
KUGADZIRA MAFUTA
AKE OKUMUZORA.

TICHATOZODZOKA
NGLVA DZESABATA
DZAPERA.

ASI KUNENGE
KWATOPERA
MAZUVA MATATU!

KO TINGAGODII, NDOZVOGA
ZVATINGATOITA.


ENDA NEAPO, LINGWARIRE
CHITSIKO ICHO.

VAPIRISITA
VAKADZOKERA
KUNA PIRATO.

ISHE,
MUNYENGERI
WAMAKAURAYA
WAKATI MUMASHURE
MEMAZUVA MATATU
ARIMUBWIRO,
ACHAMUKA
ZVEKARE.

INGAVA
NJODZI CHAIYO
KANA VADZIDZI
VAKE VAKANZVENGA
VAKANOTORA MUTUMBI
WAKE. DYARAI MALITO
ENYU ACHENGETE
MUKOVA WEPABWIRO
KUDZIVIRIRA
ZVAKADARO.


NDICHATUMIRA
MALITO ANGU
ANOCHENGETEDZA
MUKOVA UYU
SEZVAMAREVA.



NGWARIRAI
MUTARIRE KUTI
PASAVE NOMUNHU
ANOPINDA UMU.

HAPANA
MUNHU
ANGAPIDA
NEPANDADYARA
MAUTO ANGU
AVA.

MATEU 27:59-66; JOHANE 19:40



MUSATYE
PAMUSORO
PEMUPONESI
WENYU AKAFU
ACHIPUNYUKA. HATISATI
TAMBORASIKIRWA
NEMUTUMBI, NDIZVO
HERE VARUME?


HE HE HE HE!

MUSHURE
MEMAZUVA MATATU
JESU WAVIGWA.

AKA
NDOKEKUTANGA
KUCHENGETA
MUTUMBI
WEMUFI.

KUNOCHENA
MANJE-MANJE
VAMWE VALIYEWU
PADZORO.





KUNOCHENA
MANJE-MANJE.
NGATIKASIRE AVA
MAZUVA MATATU
APER AYA.

NDINOSHUVIRA
KUTI DAI TAKAGONA
KUITA IZVI KARE.

**KWAVA
KUDENGENYEKA
KWENYIKA
ZVEKARE.**

YOWEE!

MATEU 28:1-2; RUKA 24:1



ZVARIRI
GURU-GURU
WANI NHAI.

INZWAI
VARUME AVO
VACHIRIDZA MHERE!
PAMWE PANE
AKUVARA.



**CHI
CHAIZVO?**

**AIKAZVEEE
HHHH.**



**CHIMWARI
ICHI!**

**ACHATIURAYA
LYU!**

**ARIKUFAMBISA
ZIDOMBO
ROSE IRI!**

**MAI
VAMWARI
TINZWIREIWO
NGONI!**



**MUSANDISIYE
NDOGA! MWARI
NDINZWIREIWO
NGONI!**

**HAZVIGONI
KUDARO!**

**TIZA
NOLPENYU
HWAKO!**

MATEU 28:2-4



DOMBO RIYA
RAKAKURISA,
TINOWANEPI VARUME
VANGATISUMUDZIRA?

HANDIZVI ASI
KWAPERAZI MAZUVA
MATATU ASINA KUZORWA
ZVINONHUWIRA.

HAVANA KUNGE VAZIVA
KUTI MALUTO AKANGE
AKACHENGETEDZA PABWIRO.


MUSHURE MECHINGUVA
CHIDIKI

**PANE
ATO BVISA
DOMBO!**



HAMUCHINA
MUTUMBI WAKE
UMU. HAMLINA
CHINHU MUBWIRO
UMU.





NHAI!
NDIMI ANI? KO
MUTUMBI WAJESU
MALISEPI?

HEDZO
MBATYA DZAKE
DZAAKAVIGWA
NADZO.

MUSAVHUNDUKE,
NDINOZIVA
MUNOTSVAGA JESU,
LIYO WAKAURAWA. HAASI
PANO, AMUKA KUVAFI
SEKUTAURA KWAAKAITA.

HUYAI MUONE PANZVIMBO
YAANGA AKARADZIKWA MOENDA
KUNOUDZA VADZIDZI VAKE
KUTI VANOSANGANA NAYE KU
GARIREYO.



**JESU
MUPENYU!
WAMUKA KUVAFI
SEZVAKAITWA
NARAZARASI!**



**VARUME
AVO
INGIROZI!**



**KURUMIDZAI,
TINODA KUNOULDZA
VADZIDZI VAKE.**

**JESU
MUPENYU!**

MAKO 16:3-8



JESU
MUPENYU!
TIRIKUBVA
KUBWIRO RAKE
IZVOZVI.

NGIROZI
DZATI MUENDE
KUNOSANGANA NAYE
KUGARIREYO.

TINORANGARIRA KUTI
JESU WAKATI ACHAMUKA
MUZUVA RETATU.

NGIROZI DZATI
MUNOSANGANA NAYE
KUGARIREYO!




PETURO,
